ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№94 (23.752) ● 2018 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 2, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэхъукъащ Іэхэр

Тхьэмыщк Іагъэ къызылъыса цІыхухэм и чэзум ядэІэпыкъун

КъБР-м и Правительствэм щекІуэкІа зэІущІэм и гугъу щащІащ бадзэуэгъуэм и 30-м къыкъуэуа жьапщэшхуэм и зэранкІэ, республикэм и щІыналъэхэу Прохладнэм хыхьэ жылагъуэхэм ящыщу 7-мрэ Дзэлыкъуэм хиубдз къуажи 4-мрэ къыщыхъуа зэхэкъутэныгъэхэр зэман кІэщІым къриубыдэу гъэзэкІуэжьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм. Зи гугъу тщІы районхэм я администрацэхэм я унафэщІхэр, Іуэхур зэпха министерствэ, ведомствэ зыбжанэм я тхьэмадэхэр щыІэзрихьэлІа зэхьыхьэр къызэІуихащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

- ДЫКЪЭЗЫУХЪУРЕИХЬ дунейр иужьрей илъэсхэм кІуэ пэтми нэхъ хуабэ зэрыхъум кьишэ къэхъукъащІэхэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ящыщщ дыгъуасэрей жьапщэшхуэм, ягьныкъуэхэм деж уэшхи уэи зыщІэтам, кьытхуихьа тхьэмыщкІагъэхэр. Хьыбар къызэрыдагъэщІамкІэ, зэхэкъутэныгъэ инди дыдэхэр къыщыхъуащ ди республикэм и жылагъуэ зыбжанэм. Жьым курыт еджапІэу тІум, сабий саду 3-м, щэнхабзэмкІэ унэ зыбжанэм, унагъуэу куэдыкІейм я унащхьэхэр тращащ, зэхифыщІащ, электрокІапсэхэр зыпыщІа пкъохэр щыІапІэ куэдым къыщицІуауащ, ягьныкъуэхэм деж газ зрикІуэ бжьамийхэр щыІэпитхъащ, - щыжиІащ **КІуэкІуэ Юрий** и пэублэ псалъэм.

КъызэрымыкІуэ щытыкІэр гъэзэкІуэжьынымкІэ ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр зыхуэдэм и гугъу ящІащ УФ-м и МЧС-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ и къудамэм и Іэтащхьэ **Надёжин Михаил**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и ягъ къудзэ - республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр **Говоров Сергей**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къудзэ - инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ министр **Бэлэтокъуэ Владимир**, «Налшыкгазпром щІынальэ зэхуаку газ» ООО-м и тхьэмадэ **Цыплухин Александр**, «Кавказ Ищхьэрэм и МРСК» - «Хъаббалъкъэнерго» ПАО-м и унафэщІм и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Егъэн Албэч** сымэ, нэгъуэщІхэми.

Республикэм и Іэтащхьэм зэІущІэм къыщызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ зэгъэзэжьынымрэ лэжьыгъэхэр езыгъэкІуэкІ цІыхухэр сыт и лъэныкъуэкІи сакъын, ток зрикІуэ кІапсэу щІым лъэІэсахэм, ныкъуэкъауэу къэна жыгышхуэхэм кьапэкІуэкІ зэрыхуейм, нэгъуэщІхэми.

- КъэхъукъащІэ щынагъуэм къыздихьа зэхэкъутэныгъэхэм я инагъыр зыхуэдэр сыт и лъэныкъуэкІи зэпэлъытыпхъэщ, тхьэмыщкІагъэ къызылъыса цІыхухэм и чэзум дадзэІэпыкъуфын хуэдэу. Ящэу зы зыщІ Іэдгъэкъуапхъэхэм ящыщщ жьапщэм зи унащхьэ трихахэр, зи псэуалъэ зэхикъутахэр, электричествэ зэмыкІуэпІажрэ газыншэу къигъэнахэр. Властым и Іэнатіэ зэмылІуэжьыгъуэхэм ди кьалэнщ зи гугъу сщІы Іуэхухэр Іэмал зэриІэкІэ нэхъ псынщІэу зэфІэгъэкІыныр, - къыхигъащІ КІуэкІуэ Юрий.

КъБР-м и Премьер-министр **Мусуков Алий** зэрыжиІамкІэ, щІыпІэ псоми ток кІапсэхэр щыІэпащІэжащ, жылагъуэхэм газыр щызэбгрызыгъэкІ бжьамийхэр зэрагъэпэщыжащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Бахъсэн къалэ

Сабий спорт утыкущІэ

Бахъсэн къалэм Фрунзе и цІэр зезыхьэ и уэрамым гуфІэгуэ щытыкІэм иту дыгъуасэ къыщыізэІуахащ сабий спорт утыкущІэ.

ЗэІущІэ гуапэм кърихьэлІат КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іым и къудзэ-щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхуэхмкіэ управленэм и пашэ **Сарбашевэ Светланэ**, Бахъсэн къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим**, къалэ Советым и депутатхэр, жылагъуэм, Іуэхущ Іапіэхэм, цІыхубз хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр.

Мамхэгъ Хьэчим къыщыпсалъэм къыхигъэщащ сабий спорт утыкур ныкъэІуэныкІэ Іэмал щІэ зэрыхъуар зэрифІыщІэр зэхэщІыкІ лъагэ зиІэ цІыхухэмрэ, кьапщтэмэ, хьэрычэтыщІэ Нэзэр Артур, Урысей Федерацэм зэрыщыту щагъэзащІэ ЩІыналъэ-жылагъуэ самоуправленэмкІэ программэмрэ. «Дэтхэнэ зы цІыхуми и хьэлъхьэныгъэм мыхьэнэшхуэ иІащ икІи фІыщІэ яхудощ мы утыкур кьызэгъэпэщыныжмкІэ щІэгъэкъуэн кьытхуэхьуа псоми», - жиІащ къалэ администрацэм и Іэтащхьэм.

Къищынэмыщ Іауэ, къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ Сарбашевэ Светлани. «ЩІыналъэ-жылагъуэ самоуправленэмкІэ программэм ипкъ иткІэ мыр ящэу зызыІэта пцІащхьэущ икІи ар я фІыгъэщ Бахъсэн къалэм и цІыху жыджэрхэм», - къыхигъэщащ Сарбашевэм.

Бахъсэн къалэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ Балъкъыз Іэминэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, Щэнхабзэмкіэ унэм и лэжьакІуэхэм хьэщІэхэм папщІэ концерт удзэхьэх къызэрагъэпэщащ. Абы хэтащ куэдым фІыуэ ялъэгъуа «Бахъсэн ауэ» къэфакІуэ гупымрэ щІыпІэм щыщ уэрэджьакІуэхэмрэ.

КъекІуэкІ Іуэхугъуэр яфІэгъэщІэгъуэну кІэлъыплъащ къалэдэс куэд. Абыхэм псы щІыІэрэ морожнэкІэ яхуэупсащ.

ГуфІэгъуэ зэхуэсым и кІэухым футболист цІыкІухэм утыкущІэм зэныбжьэгъугъэ зэІущІэ щрагъэкІуэкІащ.

ТЕМЫР Дисанэ.

● Футбол

Псори фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп ЕтІуанэ джэгуГуэр «Спартак-Налшык» - «Легион Динамо» (Мэхъэчкъалэ) Налшык. «Спартак» стадион. Шыщхьэ Іуум и 3. Сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 30-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«2024 гъэм нэсыху кьриубыдэ лъэхъэнэм Урысей Федерацэм зегъэужьынымкІэ лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я Іуэхуклэ» 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №204-р гъэзэщІэн мурадкІэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ проект пэрытхэмкІэ щыІэ советым къыщызэгъэпэщын:

а) «2024 гъэм нэсыху кьриубыдэ лъэхъэнэм Урысей Федерацэм зегъэужьынымкІэ лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я Іуэхуклэ» 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №204-р гъэзэщІэнымкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гуп кьызэгъэпэщын икІи абы хэтхэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу;

б) «2024 гъэм нэсыху кьриубыдэ лъэхъэнэм Урысей Федерацэм зегъэужьынымкІэ лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я Іуэхуклэ» 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №204-р «Уэзнщагъэр зухъумэныр» унэтІыныгъэмкІэ гъэзэщІэнымкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гуп кьызэгъэпэщын икІи абы хэтхэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу;

в) «2024 гъэм нэсыху кьриубыдэ лъэхъэнэм Урысей Федерацэм зегъэужьынымкІэ лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я Іуэхуклэ» 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №204-р «Есэнджэныгъэ» унэтІыныгъэмкІэ гъэзэщІэнымкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гуп кьызэгъэпэщын икІи абы хэтхэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу;

г) «2024 гъэм нэсыху кьриубыдэ лъэхъэнэм Урысей Федерацэм зегъэужьынымкІэ лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я Іуэхуклэ» 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №204-р «ПэсуэпІэмрэ кьалэм и щытыкІэмрэ» унэтІыныгъэмкІэ гъэзэщІэнымкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гуп кьызэгъэпэщын икІи абы хэтхэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу;

д) «2024 гъэм нэсыху кьриубыдэ лъэхъэнэм Урысей Федерацэм зегъэужьынымкІэ лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я Іуэхуклэ» 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №204-р «Экологие» унэтІыныгъэмкІэ гъэзэщІэнымкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гуп кьызэгъэпэщын икІи абы хэтхэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу;

е) «2024 гъэм нэсыху кьриубыдэ лъэхъэнэм Урысей Федерацэм зегъэужьынымкІэ лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я Іуэхуклэ» 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №204-р «ФІагъ льагъ зиІэ икІи шынагъуэншагъэ къызэзыгъэпэщ автомобиль гъуэгухэр» унэтІыныгъэмкІэ гъэзэщІэнымкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гуп кьызэгъэпэщын икІи абы хэтхэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу;

ж) «2024 гъэм нэсыху кьриубыдэ лъэхъэнэм Урысей Федерацэм зегъэужьынымкІэ лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я Іуэхуклэ» 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №204-р «ЩІэнхабзэ» унэтІыныгъэмкІэ гъэзэщІэнымкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гуп кьызэгъэпэщын икІи абы хэтхэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу;

л) «2024 гъэм нэсыху кьриубыдэ лъэхъэнэм Урысей Федерацэм зегъэужьынымкІэ лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я Іуэхуклэ» 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №204-р «Хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ, цІыхухэм хьэрычэт Іуэху зехьэныкІэ я жэрдэмыр ядэІыгъынымрэ» унэтІыныгъэмкІэ гъэзэщІэнымкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гуп кьызэгъэпэщын икІи абы хэтхэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу;

м) «2024 гъэм нэсыху кьриубыдэ лъэхъэнэм Урысей Федерацэм зегъэужьынымкІэ лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я Іуэхуклэ» 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №204-р «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ» унэтІыныгъэмкІэ гъэзэщІэнымкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гуп кьызэгъэпэщын икІи абы хэтхэр къащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. «2024 гъэм нэсыху кьриубыдэ лъэхъэнэм Урысей Федерацэм зегъэужьынымкІэ лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я Іуэхуклэ» 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №204-р «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэуэныным и Іуэхуклэ» 2018 гъэм накъыгъэм и 28-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа унафэ №941-РГ-м.

3. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м
№69-РГ

Шэджэм районым хыхьэ Шэджэм къалэм и щІыналъэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщыхьыжьным и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«Ветеринарием и Іуэхуклэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 3.1-нэ статьям тету, Шэджэм районым хыхьэ Шэджэм къалэм хьэщхьэрыІуэ узым и кьежьапІэр зэрыщагъэкІуэдам къыхэкІыу:

1. Шэджэм районым хыхьэ Шэджэм къалэм и щІыналъэм щыщу Лениным и уэрамым, КІарэхэ я уэрамдзэкІым, Взрокъуэ Хъ.ПІ. и уэрамым, Терешковэ и цІэр зезыхьэ уэрамдзэкІым я къэухым къуриубыдэ Іыхьэм мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щхьэщыхьыжьын.

2. Къару имыІэжу къэпъытэн «Шэджэм районым хыхьэ Шэджэм къалэм и щІыналъэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэуэныным и Іуэхуклэ» 2018 гъэм накъыгъэм и 28-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа унафэ №941-РГ-м.

3. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м
№79-РГ

Лъэпкъыр зэпызыщІэж махуэ

Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэр екІуу щагъэлъэпІащ Налшык къалэ. Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм и жэрдэмкІэ, КъБР-м къэзыгъэзэжахэр «Трек» шхапІэм щызэхуашэсри, дахэу зэбгъэдэсащ, лъэпкъым и гугъуехьэм, хэхэсхэм я щыІэкІэ-псэукІэм, зи адэжь щІыналъэм къэкІуэжахэр хэкужь гъащІэм зэрыхэзгъэжым, хамэщІ исхэм я гурыгъу-гурыщІэхэм, нэгъуэщІхэми тепсэлъыхьащ. ЗэІущІэм хэтащ КъАХ-м и район, къалэ хасэхэм я тхьэмадэхэри.

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** жиІащ нобэкІэ кьапщтэмэ, Адыгэ Республикэм цІыху мини 2, Къэрэшей-Шэрджэсым - 52-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым цІыху мини 3-м щІигъу къыщызэриІыхьажар, абыхэм псэун Іуэху зэрызэрахъуэр, зыхуэныкъуэхэмкІэ зыщІагъэхъуэну зэрыхьэзырыр, къэхъуапсэ щыІэмэ, къэкІуэжьынымкІэ сабэп зэрыхъунур.

КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ и министр **КІурашин Анзор**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд** сымэ махуэшхуэмкІэ ехьуэхьуащ хэхэсу къэхъуауэ нобэ зи хэку зыгъуэтыжахэм. Я къуэшхэм яхуэгъэза псалъэ гуапэхэр жаІащ къэІэпхъуэжахэм ящыщ нэхъыжьыфІхэу **Абей Шухьэиб**, **Хьуажь Фахьри**, **Кьущхьэ Нэдим** сымэ, нэгъуэщІхэми. Псори зыщІэхъуэпсри я псалъэхэм кьыхагъэщащи зыщ - дэни щыпсэу адыгэхэр зэрыгъуэтыжауэ, зэрыубыдыжауэ тлъагъунырщ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ КъБР-м и уэрэджыІакІуэ пажэхэу Хьэрэдурэ Динэ, Шал Хьусен, Бэч Азэмэт, Беслъэней Ренатэ сымэ икІи джэгу дахэ зэхашащ.

А махуэ дыдэм ДАХ-м кьыбгъэдэкІ, Іэфіыкіэхэмкіэ уэрда Іэнэхэр ягъэуври, саугъэтхэмкІэ Хьэрэдурэ Тыркум, Сирием, Иорданием, Израильм, Осетие Ищхьэрэ - Аланием кьыкІауэ иджыпсту хэкум зыщыізыгъэпсэху ныбжьыщІэ 80-м щІигъум.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Мы махуэхэм

Шыщхьэуіум и 2, *махуэку*

♦УФ-м и Хьэуа-Десантыдзэхэм я махуэщ. Ар Белоруссиеми Къэзахъстанми щагъэлъапІэ. 1930 гъэм Москва дзэ округым зыгъэсэныгъэхэр Воронеж кьалэм пэмыжьжьэу щриГъэкІуэкІыу ящэ дыдэу хьэуа десант абдеж къыщІэтІысэхауэ щытащ. Аращ махуэм лъабжьэ хуэхъуар.

♦Азербайджаным щагъэлъапІэ Лъэпкъ кином и махуэр

♦Македоние Республикэм и махуэщ

♦Коми Республикэмрэ Ненецкэ автоном округымрэ щагъэлъапІэ Щыхьэм и махуэр

♦Сербием и Авиацэм и махуэщ

♦1790 гъэм США-м щыпсэу цІыхухэр дапщэ хъуми ящэу кьабжауэ щытащ.

♦1887 гъэм Ходж Роуэлл гъущІ кІапсэ банэр къыззригупсысам щыхьэт техьуэ тхьлъ ираташ.

♦1906 гъэм Португалием къыщызэрагъэпэщащ «Порту» футбол клубыр. Ар тІэунейрэ щытекІуащ Чемпионэм я лигэм, УЕФА-м и кубокри кьихьащ.

♦1916 гъэм Москва АМО заводыр щаутІыпщащ. 1933 гъэм абы Сталиным и цІэр фІащащ. Иджыпсту ар Лихачёвым и цІэр зезыхьэ ЗИЛ заводыщ.

♦1933 гъэм Беломор-Балтие кІэнауэр, Сталиным и цІэр зыфІащар, километр 227-рэ и КІыхьагъуэ ятащ.

♦1940 гъэм Молдавскэ ССР-р къыззрагъэпэщащ.

♦1942 гъэм Налшык Дзэ Пльыхьым щхьэкІэ щагъэзэхьэзырат ткІуаткІуэ къауэу птулъкІэ мин 20.

♦1945 гъэм Потсдам щекІуэкІа конференцыр зэхуащІыжащ.

♦1995 гъэм «Русское радио» радиостанцыр къыззрагъэпэщащ.

♦Совет щІэныгъэлІ, инженер цІэрыІуэ, «Рубин» ЦКБ-м и унафэщІу щыта, псыщІагъэрыкІуэ аппарат 200-м щІигъум я конструктор нэхъыщхьэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхьужь **Спасский Игорь** и ныбжьыр илъэс 92-рэ ирокъу.

♦ Къхъулъатэзехуэ-космонавт, Совет Союзым тІэунейрэ и Лыхьужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата, нэгъуэщІ къэрал куэдым я дамыгъэ ІапІэхэри зыхуагъэфащэ **Быковский Валерий** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх кьыщцешынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 3, *мэрем*

♦Къэзахъстаным щагъэлъапІэ Транспорт Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я махуэр

♦1778 гъэм Милан къыщызэІуахащ «Ла Скала» оперэм и унэр.

♦1799 гъэм урысеидзэм и кхъухьэкІэ Тыркум ящэ дыдэу хуит ищІащ Босфор псы дзкьипІэм ящэрымыуэу дигъэкІыну.

♦1783 гъэм Куржым (Грузиеми) и Кьухьэпіэ лъэныкъуэр Урысейм хыхьащ.

♦1942 гъэм ЗыхъумэжыныгъэмкІэ Налшык комитетым зыхъумэжыныгъэмкІэ гупэхэр къызэгъэпэщыным теуауа унафэ кьищтащ.

♦1952 гъэм Хельсинки щызэхуащІыжащ XV Олимп джэгуэхэр. Абы ящэ дыдэу СССР-м и спортсменхэр хэтащ.

♦1959 гъэм Москва къыщызэІуахащ къэрал куэдым я лІыкІуэхэр зыхэта ящэ кинофестивалыр.

♦1980 гъэм Москва щызэхуащІыжащ XXII гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр

♦1994 гъэм Налшык къыщызэІуахащ Бгырысхэм я дунейпсо конгресс.

♦Молдавием щыщ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубз артистхэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр, Лениным и щыхьэкІэ ягъуэва саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Биешу Марие** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубз сурэтыщІ, скульптор, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр зрата **Бжэлумых Хьид** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ **КІэмыргуей Анатолэ** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Публицист, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, УФ-м щэнхабзэмкІэ щыІэх зиІэ и лэжьакІуэ **Мэшыкъуэ Тэзал** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Урысей хоккеист, дунейм и чемпион, Олимп джэгуэхэм тІэунейрэ я чемпион **Васильев Валерий** къызэралъхурэ илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Джаурджий Оксанэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Белоруссием щыщ биатлонистка щІэрыІуэ, дуней псом тІэунейрэ, Олимп джэгуэхэм щэнейрэ я чемпионкІэ **Домрачевэ Дарье** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх кьыщешынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Нэгум щІэтыр нэм хуэдэщ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Мазих лэжьыгъэм ироплъэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Прокуратурэм щекІуэкІащ коллегием и зэІуплІэ. Абы щыхэплъэжащ 2018 гъэм и ялэ мазихым я лэжьыгъэм къриКІуахэм, етІуанэ илъэс ныкъуэм законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэныкІэ зэфІахыпхъэхэр яубзыхуащ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ Урысей Федерацэм и Прокурор Нэхъыщхьэм и къуэдзэ юстицэм и 1-нэ класс зиІэ къэрал чэнджещэгъэ Сыдорук Иван, республикэ прокуратурэм и унафэщІхэр, къалэхэм, районхэм я прокурорхэмрэ абыхэм я къуэдзэхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокурор **Жариков Олег** зэІущІэр къызэІуихри, къыхихыгъэщащ Урысей Федерацэм и Конституцэм тету цІыхухэм лэжьыгъэмкІэ яІэ хуитныныгъэр къахухэгъэсэбэпыным гулъытэ хэха зэрыхуащІыр.

Прокуратурэм мы гъэр къызэрихьэрэ лэжьапщІэмкІэ щІыхуэ зытелъхэм сом мелуан 26-рэ мин 750-рэ яригъэпшыныжащ. Абы и нэІэ тетщ къэралыр балигъ мыхъуахэм, ныкъуэдыкъуэхэм, пенсионерхэм зэрадзэлэпыкъуэ зэраІэрыхьэм. Я гулъытэ щІагъэкІыркъым дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ щІыуэпсымрэ хъумэным теухуауэ цІыхухэми лэжьапІэхэми я къалэныр зэрагъэзащІэр.

Прокурорхэм лэжьыгъэшхэ зэфІагъэкІ унафэу ящІыр хабзэм и мардэм итыным теухуауэ. Норматив-правовой актхэм ехьэлІа проект 1679-м теухуа къэпщытэныгъэ ирагъэкІуэкІати, абыхэм ящыщу 95-р зэрахъуэкІащ, прокуратурэм къигъэлъэгъуа ныкъуасныгъэхэр ягъэзэгъэкІуэжу. Федеральнэ хабзэхэр зэрагъэзащІэр къыщалащытэм ахэр мин 19,5-рэ къызэпаудауэ къыщІагъэщащ, правовой акт мини 3-м нэблагъэ хабзэм къемыззгъыу къалъытащ, абыхэм теухуа тхыгъэ 3459-рэ ягъэхьэзыращ, судхэм ягъэхьащ зы миным щІигъу, сом мелуан 200-м нэблагъэ япшныну унафэ къащтащ.

Республикэм щІэпхъаджагъэу щатхащ 3624-рэ. Нэхъ мащІэ хьуащ щІэпхъаджагъэ хьэпІэ, хьэпІэ дыдэхэр - 944 (нэгъабэ я ялэ мазихым - 1036-рэ). Апхуэдэуи кІэрыхуащ цІыхум и гъащІэмрэ узыншагъэмрэ ехьэлІа щІэпхъаджагъэ шынагъуэхэр. Нэхъ мащІэ хьуащ террор щІэпхъаджагъэхэр - 57-рэ (106-рэ).

Прокурорым къызэрихьэщащи, Іулъхьэ къеІыхыным пыща щІэпхъаджагъэу къыщІагъэщащ 164-рэ, нэгъабэ и ялэ мазихым елъытауэ хуэди 2-кІэ нэхъыбэ.

Прокуратурэм и ІэнатІэхэм щызэфІахащ цІыхухэм зэрызыкъыхуагъэза лъэІу 2986-рэ. ЦІыху 1386-м яІущІащ, абыхэм ящыщу 614-м яхуэзащ прокурорхэмрэ абыхэм я къуэдзэхэмрэ.

Псори къызэщІикъуэжу зэІущІэм къыщыпсэлъащ Урысей Федерацэм и Прокурор Нэхъыщхьэм и къуэдзэ Сыдорук Иван. Абы жиІащ КъБР-м и прокуратурэм лэжьыгъэ хьарзынэ зэрыригъэкІуэкІар республикэм хабзэр щыгъэбыдэным теухуауэ, я ныкъуасныгъэхэми гу лъаригъэтащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Къапэщытыр мащІэкъым

КъБР-м Къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ щыІэ министерствэм щекІуэкІащ 2018 гъэм и ялэ мазихым я лэжьыгъэм къриКІуам щыхэплъэжа зэІущІэ. Абы хэтащ республикэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и унафэщІ, Урысей Федерацэм щыІэ зиІэ и артист Балъкъыз Валерэ.

ЗЭІУЩІЭР Іуэху гуапэкІэ къыщІэуахащ. КъБР-м щыІэ къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ министрым и кьалэнхэр ПІалъэкІэ зыгъэзащІэ полицэм и полковник Мамхэгъ Назир Урысей МВД-м пщэрылъ къыщащІа кьалэнхэр гъэзэщІэныкІэ къаззрыдэлэпыкъуам папщІэ «За содействие МВД» бгъэхэлъ дамыгъэмрэ «300 лет российской полиции» фэеплъ юбилей медалымрэ иритащ Урысей Федерацэм и Президентым и деж ЦІыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкІэ щыІэ Урысей академием и профессор Ашхъуэт Анзор Мухьэмэд и къуэм.

Адэкіэ Мамхэгъ Назир зэпкърыхауэ телъэпыхьащ 2018 гъэм и мазихым я лэжьыгъэм къриКІуам, ещанэ мазищым къапэщытыр къалэнхэм.

Зэ1ущІэм щыхэплъащ щІэпхъаджагъэхэр сэтей къэщыщынымкІэ я лэжьыгъэр зыхуэдэм, хабзэр къызэпауду наркотикхэкІэхэр емыгъэщэным, Гъуэгум щызекІуэхэм я гъащІэмрэ узыншагъэмрэ яхъумэным ехьэлІауэ къагъэсэбэп Іэмалхэм.

Зэ1ущІэм къыщаІэта Іуэху псоми теухуа унафэхэр къащтащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэпщытэ щІыпІэр ЮНЕСКО-р зыкІэлъыплъынухэм хагъэхьэ

● Хъыбар гуапэ

Бадзэуэгъуэм и 25-м Налшык щрагъэкІуэкІащ «Джулат - дунейпсо тхыдэ-щэнхабзэ парк» фІэщыгъэм щІэт пресс-конференц.

КъБР-м и щэнхабзэ, щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэныкІэ фондым къыхилъхьа а Іуэхум ди къэралым и Президентым и цІыкІэ щыІэ грантыр къыхуагъэфащащ. А ахъшэр сом мелуаным нобларэ, мелуан ныкъуэм щІигъу езы фондми хилъхьэнущ.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, Іуэхум ильэсипІым нэблагъэ трагъэкІуэдэнчущ. ЯбэщыкІэ а щІыпІэм ит уэхуэныгъэхэмрэ фэеплъэхэмрэ я щытыкІэр, тхыдэ и лъэныкъуэкІэ яІэ мыхьэнэр къахутэн хуейщ.

- Джулат Ищхъэрэ къэд щІауэ апхуэдэ мурад худиІэт, ауэ щедгъэжьафар нэгъабэщ. ЯбэщыкІэ а щІым ехьэлІа дэфтэрхэр зыхуей хуэдгъэзэну, и гъунапкъэхэр къэтхутэну къыІтпэщыльщ. Музей-заповедник щытщынур, тхыдэ-щэнхабзэ паркыр здэщытынур къэтхутэн, археологие къэпщытэныгъэхэр едгъэкІуэкІын хуейщ. ЮНЕСКО-м къигъэув мардэ куэдым хуокІуэ Джулат. Ар тхыдэм къыхэщыж Іуэхугъуэ инхэр къыщыхъуа щІыпІэщ, гъущІ гъэгури, автомашинэ гъэгури йокІуалІэри дыщогугъ, лъэпощхьэпо ин къэмыхъуу ар ЮНЕСКО-м зи нэІэ тригъэтынухэм зэрытхухэгъэхьэнур, - жиІащ КъБР-м и щэнхабзэ, щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэныкІэ фондым и лІыкІуэ Кьармэ Тимур къыщыпсалъэм. Абы къыхигъэщащ а Іэмалхэмкіэ мыхьэнэ ин зиІэ Джулат хъума хъуну къызэрилъытэр. А щІыпІэм хухахыну трагыІыха гектар 16-р зэхрамыгъэфыщІэн папщІэ къахухьынущ.

Зи гугъу ящІ Іуэхур яфІэкъэбылу зэІущІэм къыщыпсэлъащ тхыдэджхэр, лъахэхутэ Іуэхум хэтхэр, Іэщ1агъэлІхэр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Прокуратурэм щекІуэкІащ коллегием и зэІуплІэ. Абы щыхэплъэжащ 2018 гъэм и ялэ мазихым я лэжьыгъэм къриКІуахэм, етІуанэ илъэс ныкъуэм законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэныкІэ зэфІахыпхъэхэр яубзыхуащ.

Есэн Сэбахьэтдин

● Фэеплъ

Налшык и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэхэмрэ Къайсэр къалэм и унафэщІхэмрэ я зэхуэзэ гуапэр Тыркум и Каппадокие щІыпІэм щокІуэкІ. ИжьыкІэ ялэу щытыр Есэн Сэбахьэтдинщ.

Лъэпкъым папщІэ псэуа Есэн Сэбахьэтдин

Тырку Республикэм къикІри мы махуэхэм къытІэрыхьащ хъыбар гуаузэ. Куэдрэ сымэджа нэужь, дунейм ехьэжащ адыгэм папщІэ псэуа, зи хэкужьымкІэ зигури зи псэри щыІэу зи гъащІэр зыхьа, зи анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ хабзэмрэ зи пкъынэлъынэхэм, гупсысэхэм зэи хэмыкІыу щыта хэкупсэ нэс Есэн Сэбахьэтдин Сэлмэн и къуэр. ХамэщІыр псэупІэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъуэм я гъащІэр нэхъ тынш щІыным, адэжь щІыналъэм ахэр пыщІауэ щытыным хуэгъэпса Іуэхугъуэ куэд зэфІэзыха адыгэлІ щыпкъэхэм ящыщт а нэхъыжьыфІыр.

ЕСЭНЫР Тыркум и Къайсэр щІыналъэм хыхьэ Кьунашей къуажэм 1934 гъэм къыщалъхуащ. Жылэм дэт еджапІэр фІы дыдэу къиухри, адыгэ щІалэр гурыхуэм щІэныгъэм щыпищащ Анкара дэт университетым. Абы Сэбахьэтдин щызыІэригъэхьащ юрист Іэщ1агъэр. КъыхэгъэщІапхъэщ Къайсэр щыпсэу адыгэхэм, абазэхэм къахэкІауэ ялэу щІэныгъэ нэхъыщхьэ ззэыгъэгъэтахэм Есэныр зэращыщыр.

ЩІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ Іэщ1агъэлІ щыпкъэр Къайсэр щІыналъэм куэдрэ щылэжьащ уэчылу, прокурору, судыщІэ нэхъыщхьэу. Зи лэжьыгъэм хуэІэкІуэлъакІуэ лэжьакІуэфІым пщІэшхуэ щиІащ щІыналъэм я унафэщІхэм, къыдэлажьэхэм, и лъэпкъэгъуэм я деж. Ар Сэбахьэтдин къихьащ зыпэрыт ІэнатІэм хуиІэ жэуаплныныгъэ инымкІэ, хэлъ цІыкугъэ лъагэмрэ зэхэщІыкІ куумкІэ. Сыт хуэдэ лъэпкъхэм ящыщ цІыхухэм абы зыкъыхуагъэзащ, ар дэтхэнэми хуэхъурт чэнджещэгъу Іущ, унэтІакІуэ Іэзэ.

Зыпэрыт ІэнатІэ ткІийм къыщыдэхуэ зэманым ар хуэжьджэрт щІыналъэм щекІуэкІ жылагъуэ гъащІэм. Псом хуэмыдэу абы гуузэ-лыуэ яхуиІэт и лъэпкъэгъуэм. Адыгэм и Іэмалхэр зэрыщытекІуар, абы и кІэуэ зэхьыхьэм етІуанэ увыпІэр къызэрыщыхьар, МКъУ-м иригъэкІуэкІ «Ломоносов» урысейпсо олимпиадэм пашэ щыхъуэхэм зэрахэхуар, нэгъуэщІхэри.

УмыгъэщІагъуэу кьанэрэкъым Камиллэ мыгъэрей ЕГЭ-м щызыІэригъэхьа ехьэлІэныгъэхэри. Пщащэм урысыбзэмкІэ балли 100, тхыдэмкІэ - 93-рэ, инджылзыбзэмкІэ - 96-рэ яхьащ.

А лъагапІэхэм зи щІэныгъэр зэфІэкІкІэ нэсыфа Камиллэ и дэфтэрэхэр иритат ди къэралым и Іэдакъэ нэхъыщхьэ нэхъыфІ дыдэхэм: Ломоносовым и цІэр зезыхьэ МКъУ-м, Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуэгъэмкІэ Урысей университетым (РУДН), Урысей къэрал гуманитар университетым (РГГУ), МГИМО-м Одинцовэ щІэІэ къудамэм, УФ-м и МИД-м и Дипакадемием. Ди гуапэ зэрыхъущи, зи цІэ къытІуа еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ дэтхэнэми щеджэну ирагъэблэгъат пщащэр, арщхьэкІэ тхыдэм дихьэх Камиллэ къыхихар УФ-м и МИД-м и Дипакадемием и «Къэрал зэхуаку зэхущытыкІэхэмрэ къэрал зэхуаку хуитныныгъэмрэ» факультетращ.

Ди лъахэгъу пщащэ цІыкІум дохъуэхъу студент илъэхэр купщІафІэу ирихьэкІыну, зыщІэхъуэпс Іэщ1агъэр зригъэгъуэту апхуэдиз екъулІэныгъэ щызыІэригъэхьа ди республикэм къыгъэззжу абы и зыужьныныгъэм и щІэныгъэрэ зэфІэкІрэ ирихьэлІэу лэжьэну, насыпыфІэ хъуну. УэркІэ догушхуэ, Камиллэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Камиллэ и щапхъэ

● ЗэчиифІэ

Курыт школыр къэзыухауэ зи щІэныгъэм адэкІи хэзыгъэхъуэну мурад зыщІаХэм я дежкІэ мы лъэхъэнэр пыІэзэфІэхыщ. Дэфтэрхэр еджапІэ зэмылІэужьыгъуэхэм езыгъэхьа абитуриентхэм иджыпсту къаІэрохьэж зыщІэхуа ІэнатІэхэм къикІ хъыбархэр. Нальык дэт гимназие №14-р дыщэ медалкІэ къэзыуха Куэшмэн Камилли щыгуфІыкІащ мы махуэхэм къыхуагъэхьа дэфтэрым. Пщащэ Іущыр ирагъэблагъэ УФ-м Нэгъуэщі къэрал Іуэхухэмкіэ и министерствэм и Дипломатие академием щеджэну.

АПХУЭДЭ гулъытэри пщІэри Камиллэ къыпэжьащ еджэным хуиІэ жэуаплныгъэ лъагэмкІэ, бгъэдэлъ щІэныгъэ куумкІэ. Кіуыт школым щыщІэ-къэхъэм пщащэ Іущыр дапщэщи жьыджэру хэтащ икІи текІуэныгъэ лъагэхэр къыщихьащ республикэпсо, урысейпсо зэпеуэхэм, олимпиадэхэм. Абыхэм ящыщу Урысей хьэрычэтыщІэ ІэнатІэм и тхыдэмкІэ екІуэкІа ещанэ кІэралпсо зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэм Камиллэ зэрыщытекІуар, абы и кІэуэ зэхьыхьэм етІуанэ увыпІэр къызэрыщыхьар, МКъУ-м иригъэкІуэкІ «Ломоносов» урысейпсо олимпиадэм пашэ щыхъуэхэм зэрахэхуар, нэгъуэщІхэри.

УмыгъэщІагъуэу кьанэрэкъым Камиллэ мыгъэрей ЕГЭ-м щызыІэригъэхьа ехьэлІэныгъэхэри. Пщащэм урысыбзэмкІэ балли 100, тхыдэмкІэ - 93-рэ, инджылзыбзэмкІэ - 96-рэ яхьащ.

А лъагапІэхэм зи щІэныгъэр зэфІэкІкІэ нэсыфа Камиллэ и дэфтэрэхэр иритат ди къэралым и Іэдакъэ нэхъыщхьэ нэхъыфІ дыдэхэм: Ломоносовым и цІэр зезыхьэ МКъУ-м, Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуэгъэмкІэ Урысей университетым (РУДН), Урысей къэрал гуманитар университетым (РГГУ), МГИМО-м Одинцовэ щІэІэ къудамэм, УФ-м и МИД-м и Дипакадемием. Ди гуапэ зэрыхъущи, зи цІэ къытІуа еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ дэтхэнэми щеджэну ирагъэблэгъат пщащэр, арщхьэкІэ тхыдэм дихьэх Камиллэ къыхихар УФ-м и МИД-м и Дипакадемием и «Къэрал зэхуаку зэхущытыкІэхэмрэ къэрал зэхуаку хуитныныгъэмрэ» факультетращ.

Ди лъахэгъу пщащэ цІыкІум дохъуэхъу студент илъэхэр купщІафІэу ирихьэкІыну, зыщІэхъуэпс Іэщ1агъэр зригъэгъуэту апхуэдиз екъулІэныгъэ щызыІэригъэхьа ди республикэм къыгъэззжу абы и зыужьныныгъэм и щІэныгъэрэ зэфІэкІрэ ирихьэлІэу лэжьэну, насыпыфІэ хъуну. УэркІэ догушхуэ, Камиллэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● ЕсэнтІыгу

МэІухуэр, афэ джанэхэр, фащэхэр

«Сосрыкъуэу си къан, Сосрыкъуэу си нэху, Зи мэІухур дыщафэ, Афэр зи джанэ куэщІ» - нартэпосым хэт а псалъэхэр уигу къегъэкІыж ЕсэнтІыгу къыщызэІуаха выставкэ хьэлэмэтым. Абы щагъэлъагъуэ Адыгейм ираша пасэрей адыгэ (шэрджэс) хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр. Ахэр псори зэхэту 180-м щІегъу.

«ДЭ ПСОМ ящэу дызыхуеяр адыгэхэм зэрызахъуэмэжу щыта Іэщ1-фащэхэр дгъэлъэгъуэныщ,- жриІащ Адыгейм и лъэпкъ музейм и унафэщІым и къуэдзэ Щоджэн Налмэс «Аргументы и факты» газетым и лэжьакІуэм. - Ахэр плІы хьурт: «Мэ-Іухуэр, афэ джанэр, Іэщхьэтекъуэр, Іэлъэр. Мэ1ухуэр ягъэщІэращІэрт дыжьын тегъэпщІахэмкІэ е дыщэпскІэ ялэрт. Апхуэдэу Іэщ1эр ягъэдахэрт тхыпхъэщІыпхъэхэмкІэ. Къыхэдгъэщынщи, нэгъуэщІхэм емыщхь мис а тхыпТх ЭщІыпхъэхэмкІэ щ1ащ1 адыгэ мэІухуэр адрейхэм кьаззрыхэщхьэхуКІыр. Афэ джанэр гъущІ Іунэ хэгъэгъэшауэ мин 25-рэ хуэдизкІэ зэрыхьат».

Къалэдэсхэмрэ курортым зыщызыгъэпсэхуэхэмрэ гъэлъэгъуэныгъэм къыщащІэфынущ адыгэ хабзэм теухуари. Псалъэм и хьэтыркІэ, нысащІэр хьэгъуэлІыгъуэм хэтын хуейт дыжьын бгырыпх щІэпхауэ. ГъэщІэгъуэныр ар зы пщалъэм зэритырт. Абы къыхэкІыу бгырыпхыр я бгым къекІуэкІын папщІэ яэыныкъуэ хъыджэбэхэм ящ1ащІыкІэ загъэмэжалІэн хуей хъурт.

Адыгэ цІыхубзхэр хуабжьу дахэу хуэпат, адыгэ хэдыкІыкІэ цІэрыІуэмкІэ хэдыкІа тхыпхъэщІыпхъэмкІэ гъэщІэрэщІа щыгъынхэр ящыгът, я бостейхэр къэдгъэмрэ шылэмрэ кьахэщІыкІат. Абы къыхэкІыу Кавказ Ищхъэрэм и цІыхубзхэм щапхъэ зытрахыр икІи я гуаузэр адыгэ бзылъхугъэхэрт. Апхуэдэ дыдэу цІэрыІуэт адыгэ шухьэр.

ЕсэнтІыгу и тхыдэ-лъахэхэутэ музейм щыплъагъунущ Іэнэ лъакъуищ цІыкІуэхэр. Пасэ зэманым ахэр сыт хуэдэ адыгэ унэми куэду щІэтт, дэтхэнэ хьэщІэми щхьэхуэу ерыскъы хутрагъуэвэфу.

Адыгэ гъэщІэкъэр Іэзэт. Абыхэм хьэкъущІкъухэр дыжьыным къыхащІыкІыр-ти, тхыпхъэщІыпхъэ дахэмкІи ягъэщІэрэщІэжьырт.

Лъэпкъ куэдым я деж щыцІэрыІуэ адыгэ къуэйр зэмыкІуэкІын щхьэкІэ сакъуэу яхъумэрт.

ШАЛ Мухьэмэд.

Республикэ зэпеуэ йокІуэкІ

КъБР-м и Хэкакіуэ комиссэм 2018 гъэм накъыгъэм и 22-м щегъэжьауэ фокІадэм и 30 пщІондэ творческэ лэжьыгъэ нэхъыфІыр къыщахутэ «Мой выбор - моё право!» республикэ конкурс иригъэкІуэкІ. Абы хэтынур Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэхаІуэхэу зи узыншагъэм сэкъат иІэхэрщ.

Зэпеуэр Іыхьитіу гуэшауэ щытынущ.

Литературэм теухуэм сочиненэ, рассказ, очерк, усэ, нэгъуэщІ литературэ жанрхэр евгъэхь хъунущ.

Прикладной Іыхьэм - суэрэтхэр, видеонэтынхэр, Іэкіэ ящІа хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр.

Зэпеуэм зэрыхэтынымкІэ хъыбар ирагъащІэу я Іэдакъэщ1экІхэр ирагъэхьын хуейщ фокІадэм и 17 пщІондэ КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и хэщІапІэм: *360028, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 27.*

Шыщхьэуіум и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи ЛъэІукІэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къущыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, бэрэжьей	03.19	04.55	12.22	16.22	19.30	21.11
2, махуэку	03.21	04.57	12.22	16.21	19.29	21.09
3, мэрем	03.22	04.58	12.22	16.21	19.28	21.07
4, щэбэт	03.24	04.59	12.22	16.20	19.27	21.06
5, тхъэмахуэ	03.25	05.00	12.22	16.20	19.26	21.04
6, блыщхьэ	03.27	05.01	12.22	16.19	19.24	21.02
7, гъубж	03.29	05.02	12.22	16.19	19.23	21.00
8, бэрэжьей	03.30	05.03	12.22	16.18	19.22	20.59
9, махуэку	03.32	05.04	12.21	16.18	19.20	20.57
10, мэрем	03.33	05.05	12.21	16.17	19.19	20.56
11, щэбэт	03.35	05.06	12.21	16.16	19.17	20.55
12, тхъэмахуэ	03.36	05.08	12.21	16.16	19.16	20.53
13, блыщхьэ	03.38	05.09	12.21	16.15	19.15	20.52
14, гъубж	03.39	05.10	12.21	16.14	19.13	20.50
15, бэрэжьей	03.40	05.11	12.21	16.14	19.12	20.49
16, махуэку	03.42	05.12	12.20	16.13	19.10	20.47
17, мэрем	03.43	05.13	12.20	16.12	19.09	20.46
18, щэбэт	03.44	05.14	12.20	16.11	19.07	20.44
19, тхъэмахуэ	03.45	05.15	12.20	16.11	19.06	20.42
20, блыщхьэ	03.46	05.17	12.19	16.10	19.04	20.41
21, гъубж	03.47	05.18	12.19	16.09	19.02	20.39
22, бэрэжьей	03.48	05.19	12.19	16.08	19.00	20.38
23, махуэку	03.49	05.20	12.19	16.07	18.59	20.36
24, мэрем	03.50	05.21	12.18	16.06	18.58	20.34
25, щэбэт	03.52	05.22	12.18	16.06	18.56	20.33
26, тхъэмахуэ	03.53	05.23	12.18	16.05	18.54	20.31
27, блыщхьэ	03.54	05.24	12.18	16.04	18.53	20.29
28, гъубж	03.55	05.26	12.17	16.03	18.51	20.28
29, бэрэжьей	03.56	05.27	12.17	16.02	18.49	20.26
30, махуэку	03.57	05.28	12.17	16.01	18.47	20.24
31, мэрем	03.58	05.29	12.16	16.00	18.46	20.23

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущ1апІэм къыдитащ.

Сабиибзэр зи бзэ, сабиипсэр зыхэзыщІэ

АфІэунэ Лиуан Алий и къуэр къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу



Сабий усакІуэ АфІэунэ Лиуан Алий и къуэр Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм 1938 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м къыщалъхуащ. 1953 гъэм абы къиухащ классибл школыр. 1957 - 1960 гъэхэм дзэм къулыкъу щищІащ. «Къэббалъкъпромстрой» трестым рабочэу лэжьэн щыщІедзэ, зэрылажьэм хуэдэури епщІанэ классыр къеухыж. 1970 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм щегъэжьауэ пенсэм кІуэху (1998) Тырныауэ вольфрам-молибден комбинатым Налшык щиІэ и базэм щылэжьащ.

Зыпэрыта ІэнатІэхэмкІэ литературэм пэжыжьэу къыщыхъуми, адыгэ сабийхэм тыгъэ хьэлэмэт хуэзыщІа усакІуэщ, зэчий зыбгъэдэлъа цІыхуэ АфІэунэ Лиуан. И бзэр сабиибзэу, сабиипсэри зыхищІэу щІэхъуам щхьэусыгъуэ хуэхъуауэ жыпІэкІи ущыужнукъым пасэу зеиншэу къыззыриар, сабийуэ и анэр дунейм зэрехьжар. Зыхуэныкъуа псалъэ дахэмрэ гуапагъэмрэ цІыкІуэм ялъигъэсми ярейуэ псэущ, тхащ Лиуан. ГъащІэ гъуэгуанэ гугъу къыпэщылъам зы мащІэкІи ткІий хуэщІакъым АфІэунэр, уеблэмэ езым зыхимыщІа Іэфыгъэр иригъэкъуж щІыкІэу сабийхэм «ядэуэршэрырт».

Курыт аджапІэр къиухынми хунэмысу, абы лэжьэн щІидзат. МыващІэу, ухуакІуэу, хьэлъэзехьэу лэжьащ, псэун папщІэ гугъуехьым зэрызыщимыдзейр къигъэлъагъуэу. УсакІуэ Сонэ Абдулчэрим и псалъэкІэ жыпІэмэ, «Къаруклэ дунейм зыгуэр щылэжьамэ, Лиуан апхуэдэщ». 1983 гъэм дунейм къытехьа «Дадэ и сурэт» и усэ тхылъым наІуэ ищІащ усакІуэ нэс утыкум къызэриихьар. А лэжьыгъэм кІыкІэлъыкІуащ «НэщІэпкІэ» (1990 гъэ), «Псынэ цІыкІу» (1993), «Усыгъэхэр» (1998), нэгъуэщІ куэдри. Абы и усэ нэхъыфІхэм уащыхуозэ «Азбукэм», класс нэхъыщІэхэр зэреджэ анэдэлъхубзэхэм, сабий садхэм папщІэ зэхалъха тхылъхэм, «Адыгэ сабий литературэ», «Вагъуэбж» къыдэкІыгъэхэм.

УсэбзэкІэ цІыкІуэм зэрепсэлъэфым къыдэкІуэу, Лиуан и Іэдакъэщ1экІэмкІэ хуэзфІэкІащ сабийхэм я зэхэщІыкІым хигъэхъуэн, къэзыухъуреихь дунейм и плъыфэ зэмылІэужьыгъуэхэм кІэлъыгъэплъын. Абы и Іэдакъэщ1экІэхэр гурыІуэгъуафІэщ, псэм дыхьэгъуафІэщ. Ущие дахэм я щІыбагъ къыдэтщ гущІэгъуэр цІыхугъэ дахэрэ. Мис абыхэм усыгъэри къагъэщІыж.

ХЬЭТУ Пётр:

ЦІыху Іэдэбу дунейм тетащ

ЦІыхум и дзыхь иригъэзу, и Іуэху иригъэлІэу, гуэзгъэгъуэ дильагъуу зыгуэр къыдэгъуэгурыкІуэ хабзэщ. Ар тхакІуэусакІуэмэ, и Іэрыкіыр къызыгурыІуэн нэхъыбэжрэ къилъыхъуэнущ. Арагъэнт АфІэунэ Лиуан усакІуэ Хьэту Пётр и деж къыщигъуэтыр. Ахэр зэман щІагъуэ дэмыкІыу зэхуэзэу, зэуэршэрылІэу илъэс куэдкІэ зэрыщытам сыщыгъуазэти, Пётр селъэІуащ Лиуан и гугъу къыхуищІыну.

- Сызэрыхуэза зэ-тІэум къызэрысщыхъуамкІэ, Лиуан псалъэшхуэ зиІэ, ныбжьэгъу зи куэд цІыхуу щытауэ пхужьІэнукъым. Нэхъыбэ дыдэрэ зыІущІахэм уащыщщ, Петр...

- ИгъащІэм цІыху Іэдэбу къекІуэкІащ ар, зэи псалъэшхуэ къыдришеякъым. Зыгуэрым фІэнэн жыхуэпІэр игу къэкІыжьэтэкъым. ЦІыху хьэлэлу, псэ къабзэу дунейм тетащ. Апхуэдизэрауэ къыщІэкІынщ сабий усэ нэс зыхуэхъынур. Газетхэм, журналхэм къыгладзэ и усэхэмкІэ сыщІэгъуазэт Лиуан и гуащІэм, и лжьыгъэхэр згъэщІагъуэу апхуэдэт. Гъунэгъуу ар къыщысцІыхуар бгъущІ къэзыщІа. «Адыгэ псалъэ» газетым щэнхабзэмкІэ и къудамэм Хьэх Сэфарбий сэрэ дыщылажьэу, къэкІуэн щІидзащ Лиуан. Газетым теддзэну и усэхэр къытхуихьу арат. Сыхуеплъырт, хуэзэгъэзахуэрт, къытеддзэрт. ГъэщІэгъуэнракъэ, мыхъуар щІэмыхъуар жыпІэну уунэмыс щыкІэ, и щыуагъэр къиубыдыжьырт, мыхъуаІами тыншу зэбгъэзэхуэжьырт. ЖыпІэнурамэ, щІэджыкІакІуэм дежь нихьэсыну зыхуейр гурыІуэгъуафІэт.

Лиуан адыгэ пэжырытхэ гугъур фІыуэ ищІэн хуэдэу ещанэ нэхъыщщхьэм щемыджа щхьэкІэ, щІэнныгъэ бгъэдэмыльауэ жыпІэ хъунукъым. Абы, Горький Максим, ПащІэ Бэчмырзэ хуэдэу, гъащІэ щІэныгъэ - ГъащІэ Университет - нІащ. ТхакІуэщхуэ Солженицин Александр «жертва образованщины» зыхужиІаХэми ящыщакъым, щІэныгъэр зэран къыхуэхъуакъым. АкъылкІэкъым - гурыгъуаззкІэ ритм-рифмэхэр зыхищІэу гукІэщ, псэкІэщ зэрытхар. Зыхуэтхэ сабийм бзэ щІэжьыуэр фІэгъэщІэгъуэну къыззэрипхъуэтэным хуэдэу.

«Эльбрус» тхылъ тедзапІэм щылэжьэн щІэздза иужьи сыхуэзэрт, и къуажэгъу, и ныбжьэгъу Сонэ Абдулчэрим и деж накІуэрти. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ Сонэр хуабжу къыдэІэпыкъуу зэрыщытар. И лэжьыгъэ щІагъуэ къэнакъым Абдулчэрим хэмыпльэжауэ. ТхакІуитІ усакІуитІ зэфІэнэн жыхуэпІэр зы дакъикъэ Іуэхущ, тхьэм ищІэнщ къыщыхэкІар, а тІур зэщыІейри, аргуэрыжьти, си дежкІэ къекІуэтэкІыжа хъуащ Лиуан.

АфІэунэм и усэхэр зэрызэщІэжьыуэм, уэрэдыпкъыу зэрыщытым ди композиторхэм гу лъамытэу къэнакъым. Сэ сыредактору, Лиуан и усэхэм макъамэ щІэзмыхъа композиторхэм - ХьэІупэ Джэбрэіил, Къэбэрдокъуэ Борис - я тхылъыщ къыдэдгъэкІауэ щытащ. «Нур» журналым сыкъэкІуа иужьи махуэ щІагГъуэ дэкІакъым абы сэрэ дызэхуэмызэу. Сытым дежи чэнджэщ хуей цІыхут ар, кІихь и усэ цІыкІуэри ди гуапэу теддзэрт.

- Сытыт нэхъыбэу фызытепсэлъыхьыр?

- Нэхъыбэу зи гугъу тщІыр, шэч хэмылъу, и усэхэрат, хъуа-мыхъуакІэ зэпхърытхырт. Хъарзынэ дыдэт абы и сабий усэхэр, псом хуэдэжтэкъым нэхъыщІэ дыдэхэм щхьэкІэ итхэрэ. Сабий садым кІуэхэм, пэщІэдзэ классхэм щІэсхэм яхуэгъэзахэр саблибзэ дахэкІэ, я зэхэщІыкІым къитІасэкІэ гъэпсащ.

Гугъуехьхэм мащІэу и гугъу щытщІи къэхъурт. Хьэрычэтышхуэ зыхэмылъа цІыхум и гъащІэр матэ щІэдзауэ щытауэ пхужьІэнукъым. Гъэщ1эгъуэнт, Гиннесс и тхылъым иптхэ хъуну апхуэдэт Лиуан и Іуэхур - абы машинищ лотерейкІэ ящхьат. Ауэ, унагъуэтм, бынти, нэгъуэщІ зыпэмылъа Іуэхути, жиІэурэ кьулей ирихьуакъым.

- Зи хъэтІ зиІэж усакІуэщ Лиуан. Мис а хъэтІым и гугъу уэзгъэщІынут.

- Адыгэбзэ Іурылъащ, къыздрихар Тхьэм ищІэнщ. ЦІыхубэ усакІуэ жыхуаІэм хуэдэт, кІуаужр, зыхэт цІыхуэхэр арагъэнт. ЗэрыжьісІащи, и университетыр - ГъащІэращ. Тхылъи еджащ ар, ІуэрыІуатэмэ нарт эпосми хъарзынэу щІэгъуазэт, хьыбар Іэджи ищІэрт. Зэхэщ1кІ хэлът, и псэм зиужьат, езыр-езыру еджжат, езым зыкъигъэщІыжат.

КІыумыщІэнкІэ Іэмал имыІэу усэ зэхэлъхьэкІэ хьэлэмэт иІэт. Балигъэзэ, сабийхэм яхуэтхэ усакІуэ псори соціыхури, абы и Іэрыкіэр зыми зэи хэзгъэзэщІэнукъым. Абыхэм яхэтт си лэжьыгъэм уэлІэбэу зымыдзэкІэ, жепІэр зэхахыни хуэмейкІэр.

Сыредактору зи тхылъ къыдэкІа, дунейм екъжа нэхъыжьхэм я гугъу тщІынкъыми, Лиуан хуэдэу редактор лэжьыгъэр къызыгуриуэхэм уадэлжьэну тыншт. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, куэдрэ сызыдэлэжьа икІи сызыдэлажьэ, иджыпсту нэхъ жьыджэру сабийхэм яхуэтхэ (нэхъыфІу тхэжэр жыпІэми ущыуэнукъым) Щоджан Леонид, ПхытІыкІ Юрэ, Мэз Аниуар, Хьэщыкъуей Олег, Тау Нинэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

- Сабий усакІуэущ зэрыжытІэр Лиуан, ауэ балигъ Іыхьи зэріІэм дыщыгъуазэщ. Абыхэм ящыщ куэд иджыри зыри хэмыІэбауэ, зэрыжаІэу «цІынэ щыкІэ» пльэгъуащи, дауэ къыпщыхьурэ япэхэри етІуанэхэри?

- Абы и балигъ усэхэм сыщыгъуазэщ, ауэ я гугъу дауэщІынукъым, сыту жыпІэмэ ахэр сэ къызихьэлІакъым Лиуан. Хьэзыр хъуауэ тхылъым итхэр іейкъым, гупсысэ ящІэльщ, гъэпсыкІэ и лъэныкъуэкІи гъэщІэгъуэнщ. Редактор лэжьыгъэу Сонэ Абдулчэрим абыхэм ирихьэлІар зыхуэдизыр Тхьэм ещІэ.

- Гугъуехьым къызэрыхэтэджыкІар, псэухуи зэрымытыншар дощІэ. Абы и нэпкъыжьэу сыт телът Лиуан, ар и усэхэм дауэ къыхэщІэ?

- Тырныауэ и вольфрам-молибден комбинатым щылэжьащ гугъу ехьу, ильэскІэ, нэхъыбэкІэ кьилэжьар кърамытыжу. И сабиигъуэр зэррыхьэлъам и гугъу умыщІыхэ. Ауэ и сабий усэхэм ар къыхэщырхъым, мыдэ ягъафІэу псэуа фІэкІ пщІэнкъым. Балигъ усэхэм зыгуэр хэтщ, ауэ убгъуакъым, тхьэусыхафэкъым.

- Лиуан, абы и бзэм хуэбгъадэ хъуну хэт диІэу къэплъытэрэ? Ар сабиипсэу, и бзэри сабиибзэу зэрыщытам абы и гущІэм щылъуазэ зыми щэч къытрихьэркъым.

- Сабий усакІуэхэр зыхуэбгъадэ хъунукъым, щхьэж езым и хъэтІ, и псэлъэкІэ, къыгупсыса и ритм, рифмэ иІэжщ. Сэ сабий усакІуэхэр щІызыхэзмыгъэгъуащэр дэтхэнэм и тхэкІэми фІыуэ сыщыгъуазэщи аращ. Ахэр зэхуэдэкъым, зэхуэдэ тхэкІэ зиІэхэр мытхэфхэращ. Адрейхэм къыхэпцІыхукІыу, хъэтІ щхьэхуэ зиІэ усакІуэщ АфІэунэ Лиуан. Ар нэхъыфІ дыдэхэм ящыщщ.

Епсэлъар **ИСТЭПАН Залинэщ.**

Ар къызыхуигъэщІар

Зи Іэщ1агъэм хуэІэижьым, зи лэжьыгъэм гукІи псэкІи бгъэдэтым, а лэжьыгъэр адрейхэм ефІэкІыу зыщІым хужаІэ: «КъызыхуигъэщІар араш». АфІэунэ Лиуан къызыхуигъэщІар сабийм усэ яхуитхыну арат...

УСАКІУЭ, тхакІуэ щыІэхэщ нэгъуэщІхэм закъэхигъэщхьэхуэкІыныр, дэнэкІи нэІурыт зыщищІу цІэрыІуэ хъуныр къыщІэмыІуэхущІу, ауэ нэхъуеиншэу литературэм хуэлІыщІэу. Апхуэдэр саугъэтхэмрэ цІэ лъапІэхэмрэ я пщылІкъым. Апхуэдэр зи дин итри, абы и тхьэ пэлъытэри тхыгъэрщ. АфІэунэ Лиуан и тхъэ пажэр - сабий поэзиер аращ.

Жанр псоми ехьулІэныгъэ хъарзынэхэр щызыгъуэта ди адыгэ литературэм сабий усыгъэр уявпІэншэу къыщымынамэ, ар зи фІыщІэхэм Лиуани ящыщщ. Сыту жыпІэмэ и гулъытэ нэхъыщхьэр сабийм хуэгъэзэрэ, хэхауэ цІыкІуэм яхуэтхэу Лиуан къищынэмыщІа ди литературэм куэд хэбгъуэтэнукъым. Зыхуэтхэм и нэкІэ гъащІэм хэплъэф, ныбжьыщІэм и гупсысэкІэр къэзыубыдыф, къилъэгъуамрэ къиубыдамрэ гурыІуэгъуэу къэзыІуэтэжыф усакІуэщ АфІэунэр. Ар Лиуан и «Къэрабэ», «Дадэ и сурэт», «НэщІэпкІэ», «Псынэ цІыкІу», «Хэмыхъуэ мыхъуратІ» тхылъхэм щынэрылъагъущ. ЖиІэр зыжьгІэм тыншу къыгуриуэу, къыгурыІуэм имызакъуэу, абы дерс къыхихыу, гукъинэж гъэщІагъуэнхэр къыхигъуатэу зэрыщытырщ Лиуан и усэхэр щІэщыгъуэ зыщІыр, цІыкІуэхэм я гумрэ я псэмрэ щІыхэпщІэр.

ГъащІэм иджыри куэд химыщІыкІми, дуней псом кьабзагъэмрэ дахагъэмрэ щытепщэу фІэкІ зымыщІэ сабийм езыми къабзэу, пэжу ухущімыиту хъунукъым. Хъунукъым абы пцІы хуэбупс. Хъубупсми, зыхищІэнщ. Аращ цІыкІуэхэм яхуэтхэм и гур зэІуакъуэ, и мурадыр кьабзэщ щытын щІыхъуейри. Лиуан и гур зэІухэщ, и мурадыр кьабзэщ.

УсакІуэхэр куэдрэ зытетхыха, «ягъэукъуеижа» жыхуэтІэ Іуэху къыщІэтым дежи Лиуан иджыри кьызідэсым нэгъуэщІхэм гу зылъамытэфа гуэр къеГуэтри, абыкІэ и тхыгъэхэр тепъыджэ ещІ.

УсакІуэм и лІыхъужьхэм ягъэщІагъуэ «нанэ шей къыщигъэкъуалъэкІэ шейнычыщхэр ину зэпрысалъэр», «цІыхуи Іэщи, мэзи къурши, уафи тафи, гъуэгуи хъупІи, уни хади, жыги удзи» пщэдджьыжьым щІыгъэм щІыгГуэу кьыззрызэщІэушэр, «дыгГэпс щыгГэ ящІэхэпІу» къызэрызэщІэтаджэр. Ахэр хуейщ «адакъэм и сыджыр дзэзыбзыкІар» къащІэну.

И адыгэбзэр зэрыланТІэм, зэрыкупщІафІэм, ар дахэу, кьеззгГыу зэригъэджэгуфым къыхокІ АфІэунэм и гупсысэр тыншу тхылъеджэм деж зэрынэсыр. Ар зыхуэзэфІэкІынур усакІуэ нэсырщ.

УсакІуэр щалъхуа Къулъкъужын Ипщэ къуажэжьым Лиуан и сабиигъуэм щызыхищІа гурыщІэ дахэхэр, Къулъкъужын псы цІыкІум и ушэ макъымрэ джабэ нэкІу задэхэм, мэз Іув щхьэантІэжм, хъупІэ кІырхэм щызэпэджэж къуалэбзухэм я пшынальэмрэ гуапагъэр зи псэм хапшпсыхьа усакІуэм я Іэфыгъэ псори и усэхэм джэлэс яхуищІащи, аращ щІэблэ къытщІэхъуэри а гуапагъэм щІыхьиущиифыр.

УЭРЭЗЕЙ Афлик.
1998 гъэ

Псэ хьэлэлыр жыІэзыфІэщщ

Іупэ къудейм къыщежьэ псалъэр и къэпсэлъыкІэкІэ Іейми фІыми гумрэ псэмрэ нэсыркъым. ЦІыху балигъми сабийми я псэм хыхьэр гущІэм къыщежьэ псалъэрщ. Сэ сыкъалъхуным куэдыкІей иІэу къыІуэтагъэнкІи мэхъу апхуэдэ гупсысэр. СщІэркъым. Сыщыгъуазэкъым. «Уэ узыщыгъуазэр сыт-тІэ?» - жыфІэрэ фыкъызэупщІмэ, си нэгур зэлъыІукъауэ хэти селІъурэ жыслІэфынущ: «АфІэунэ Лиуан усакІуэ телъыджэщ». ЩІэтелъыджэри? Сабийм дахэу, Іэфіу йопсэлъэф. Абы и псалъэр къыщежьэр и гущІэ дыдэрщ. Лиуан и цІэр зэхэсхыу си нэгу къыщІохьэ гуфІэгъуэм зэщІиІэта цІыкІуэр. Абыхэм хэти уэрэд жеІэ, хэти долъей-допкІей, хэти и анэм зриишэкІауэ абы къриш уэрэд гуакІуэм Іэфіу щІожеикІ.

ПЭЖ ДЫДЭР жысІэнщи, а зи гугъу сщІа телІъыгъуэкІэ сэ си щхьэкІэ си нэгу щІэкІащ. Апхуэдэу щыщытКІэ «си нэгу къыщІохьэ» жызмыІэу «си нэгу къыщІохьэж» жысІамэ, нэхъ тэмэмыр арат. Сабий сад, яслъэ жыпІэми, ди къуажэхэм гуфІэгъуэ зэхуэсышхуэ щекІуэкІхэми сэ куэд дыдэрэ слъэгъуащ АфІэунэ Лиуан и усэхэм яфІэгъэщІегъуэну сабийхэр къеджэу, абы къыдигъэкІа тхылъхэр зэІэпахыу щІаджыкІыу, абы и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэр цІыкІуэм щагъэщащІэкІэ Іэгуаузэхуэ хуаІэту. АбыкІэ жысІэну сызыхуейр мыращ: сабийр апхуэдизу зыгъэгуфІэф, зыгъэгушхуэф АфІэунэ Лиуан и насыпт.

Сабийм и хьэл-щэныр, абы и дунейр, и психологиер, и гумрэ и псэмрэ щыщІэр АфІэунэ Лиуан хуэдэу кууэ, щызу къэзыгъэлъэгъуэф адыгэ усакІуэ сэ си щхьэкІэ срихьэлІакъым. Радиом сыщыщылэжьа зэманым Лиуан и усэхэр радиокІэ къэсту щІэздзэри... Іэзэ письмохэр уэру къысІэрыхьэу хуэжьам и мызакъуэу, балигъэри къэпсалъэрт, яфІэгъэщІегъэнт, яфІэтелъыдджэт Къулъкъужын Ипщэ (Абзуан адыгэ жьылэжьым) щалъхуа, щапІа щІалэм и Іэдакъэщ1экІэхэр.

Ди композиторхэми гулъытэншэу къагъэнакъым АфІэунэм и Іэдакъэщ1экІэхэр. Абы и псалъэхэр щІэлъу сабий уэрэд тІощым щІигъу яусащ.

Сэ фІыуэ солъагъу а усакІуэ телъыджэр. ЩІэслъагъури пщІэшхуэ щыхуэсщІри тхыгъэхэм я закъуэтэкъым. Ар сыт щыгъуи сабыт, Іэсэт, зэпІэзэрыт, Іэдэбу, зэтеубыдауэ, дахэу цІыхум яхэтыфти арат. Си фІэщ хуэрккым абы хьэтыр гуэркІэ е ІуэхутхъэбзэкІэ цІыху къекІуэлакІэ «хьэуэ» къыхигъакІауэ. Куэдрэ слъэгъуащ сэ АфІэунэ Лиуан езыр зыпэрыт, къыпэщылъ лэжьыгъэр зригъэТІылъэкІэр зыкъыхуэзыгъэза цІыхум ейр япэ иригъэщу. Махуэ бжыгъэ мыхъуу, мазэ бжыгъэкІэ я къекІуэлІам и Іуэху хуэзфІигъэкІыу. Апхуэдэхэракъэ-тІэ «цІыху къилъхуа, цІыху ипІа» жыхуаІэжыр?

Мы сатырхэр зыдэстхым си нэгу щІэтщ АфІэунэ Лиуан и нэгу угъурлыр: зэзэмызэхэ фІэкІа схуэмыгъэдыхьэшх а лІы хъарзынэр дауэрэ сщІыми къзэгъэгуфІэрт, сэри абы сыщыгуфІыкІыжырт. И тутыным кІэгъуасэ кІыхьышхуэ пищІами, абы екъуну хунэмыгъэсу хъыбарыпцІ дыхьэшхэн гуэр ди ныбжьэгъуэм къащыщІа хуэдэу жесІэрт зэхэслъхьауэ. Ар и фІэщыпэ зэрыхъум щхьэкІэ, сэри ныбафэуэ сихъурт...

Аращ. Псэ хьэлэлыр сыт щыгъуи жыІэзэфІэщщ...

ГЪЭУНЭ Борис.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэу Уэрэзей Рашид, Шал Мухьэмэд, Хьэжыкъарэ Алик *(щытхэщ)*, **ТхьэмокъуэБарэсбий сымэ я хьэщІэщ.** *2007 гъэ*

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар **ИСТЭПАН Залинэщ.**

Си унэм

УкъыздогуфІэ -
СыщыгуфІэм,
ГущаІІэу
Си псэр зыщыпсэху!
ЗыщІыпІэ Іэхуэкіэ
Сыщыгувэм,
Ущытщ нэщхъейуэ -
Къысхуэгъэгъу.
Къемыхыу зэи
Уи нэбдзыпэ,
Уэ къэрэгъулу
Усщхьэщытщ.
Пхуэжан
Сигу цІыкІури
Уи бжэІупэм
Гъэгъа удзыщІэ
ЦІыкІуу Іутщ!
УзипщІэнтІэпсщи -
Птетщ си нэІэ,
ПкІэрыслъхьэ тІэкІури
УзогъэкІу.
ПщхьэрыстІэгъэфкъым
Дыщэ пыІи,
УмыщІ уи жагъуэ -
СынолъэІу...
Сабий анэгу,
ПхуэсщІу Іэплі
Уи пащхьэ ситщи,
Си дуней.
Зэгъэр уэ
Жьыгъэр къыптеуплІэу
Уищэхэжьныуи
Сыхуэмей.
Си сабиигъуи
И фэ зэсплъу,
Си бын щытэджу
ЩыгГуэлъыж,
Уэращ къэнэнур
Си фэеплъу -
Улсэу, си Унэ
Угъурлыжь!

Іэужь

Тыншыгъуэм
Сянэр илІыкІакъым,
Тыншыгъуэм
Сядэр имыхьа.
Дунейм
И фІыгГуи
ХэтхъыкІакъым,
Иджыщ ар
Си щхьэ
Къыщыхьар.
Гугъуехь зи натІэ
Укъилхуамэ,
Ардыдэр
Быныи
Іэужь хуохъу.
«Гугъуехьри бжьиблкІэ мауэ» -
ЖысІэм,
Фи фІэщ
СхуэщІыну
Сэ къысщохъу.

Си бзэм сыхуоусэ

Си бзэр насыпышхэущ,
Ижь-ижьыж бзэщІэжщ.
Хэкущ, жьэгу пащхьэщ,
хьшхэущ,
Хабзэ зэтещІэжщ.
Ар си адэ-анэщ,
Си къэрэгъул бжьыхьщ.
Тхыдэщ, гъуэгущ, гъуэгуанэщ,
Ар насыпырыхьщ.
Си бзэр ущиякІуэщ,
Лъэпкъым и уэчылщ.
Ар ди уэзщІакІуэщ,
Ди хьэл-щэн акъылщ.
Ар къурш щхьэпэлъагэщ,
Ар хъер-хъыбарыжьщ.
Лъэпкъыр зэрыпагэщ,
Бэшэч гугъурлыжьщ.
Прозэщ ар поэзиещ,
Лъэпкъ мыгъэкІуэдыжщ,
Ем фІыр щызыхъумэ
ГуащІэ щымысхьыжщ.
Си бзэр псэущ, псэунущ,
ПлъапІэм Тхьэр итыху!
Зы адыги псэкІэ
Бауэу
ЩІым тетыху!..

СфІощІ

Мы дуней нэхум
Зы цІыху къытехьэхукІэ,
Дунейм хэхъуауэ
СфІощІыр нитІ ялъагъу.
Мы дуней нэхум
Зы цІыху ехьжьыхукІи,
Дунейм хэщІауэ
СфІощІыр нитІ ялъагъу.

Кхъужьейм и жэуап

Зэрыт хадэм щынэщхьейуэ
Кхъужьей жьыгір щытщ.
Зыхэт жьыгхэм ядэплъейуэ
ЩІэмыгъагъэр сыт?
Къэхъуа зы гъэ, дэсхуэ
гъабгъэ,
Хьилагъ сыщекІуа?
КхъыІэ, уигу къызумыгъабгъэ,
Жьыгъэр къыстекІуащ.

«Адыгэ псалъэ»

Лъэпкъ псалъалъэ,
Лъэпкъ пшынальэ,
Адыгэ налкъут.
ЗыщыгъэзэщІкъым сэ
Уи псалъэ,
Лъэпкъыпсэ зыІут!

Лиуан и усыгъэхэр

Лъэпкъ Іущыгъэ,
Лъэпкъ усыгъэ
Зи Іэдакъэщ1экІ.
Ем пэщІэту
Ди лъэпкъ тхыдэр
КъызыбогъэдэкІ.

Лъэпкъ къудамэр
ЗэпызыщІэ,
ЗэзыгъэщІыхуж.
Хамэщ щикъухьа адыгэр
СфІощыр зы дыпщІыж.

Лъэпкъ гъэзугъанэм
Тетщ уи нэІэ,
Бжьыпэри щыпІыгъщ.
Пасэрейуэ
«Хьет» жегъэІэ -
Умыбэлэрыгъ!..

КІэпхъ

- КІуэ, КІуэ,
КІуэ дзасэ,
КІэ баринэ,
Нэ топ цІыкІу.
Лъабэ цІыкІукІэ
Гъуэм бгъэкІуасэу,
Дэуэ пытыр дейм ууей?
- Хьэуэ,
Уэри хэлъщ уи Іыхьэ,
Къэп цІыкІу къэхьи, Зэчырей.
Бжьыхьэ Дадэ мыкІуэж
щІыкІэ,
Къэжэрыжэ, къыдэкІуей!

Напэ

Напэ

Экономикэ Политикэ

Махуэ

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Фыхэди... урысыбзэр къыхэфх

● Абы дегъэпІейтей

УФ-м и Къэрал Думэм къыщыгащ анэдэлъхубзэхэр дяпэкІэ зэраджыну щыкІэр зыубзыху Хабзэ.

РЕСПУБЛИКЭХЭМ щыпсэу урысхэм, нэгъуэщІ Іэпэкъ щыщхэм а щыналъэм къэралыбзэу щабж бзэхэр яджыным гугъуехь куэд зэрыпыщІам теухауэ адэ-анэ гуэрхэр хуэтхьэусыхауэ щытащ УФ-м и Президентым. Псалъэм папщІэ, дзэм хэтым и унагъуэр щІэхъщІэхэр Іэпхъуэн хуей мэхъу. Апхуэдэхэм я бынхэм зэм Тэтэрстаным, зэм Ингушым, н.къ. щызекІуэ анэдэлъхубзэхэр яджын хуей зэрыхъурагъ тхьэусыхафэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар. ИкІи ар щхьэусыгуэнэшэкъым. Апэрауэ, сабийм ар къытемыхьалъэнкІэ Іэмал иІэкъым. ЕтІуанэрауэ, егъэджакІуэми пІалъэкІэ а бзэхэр зыджын хуей хъуа ныбжьыщІэхэми я зэманыр пщІэнщэу бгъэкІуэду аращ.

ЖаІагъэхха жыхуаІэ щІыкІэу, депутатхэм къахэкІащ зи бзэр зыджыну хуэмей, ар я бынхэм къатехьэлъэу икІи лейуэ къэзылъытэ адэ-анэхэм я псэр зыгъэтыншыжыкІи Хабзэ къыхэзыльхьэфа.

- Хабзэм и проектыр наІуэ къызэращу, - етх «РГ»-м и корреспондент Замахинэ Татьянэ, - псалъэмакъ къикІащ: УФ-м и республикэхэм щыпсэухэм къалъытащ анэдэлъхубзэр факультатив щІыкІэм тету фІэкІа дяпэкІэ ирамыгъэджыну. Ауэ а проектым зыкІи игъэмащІэртэкъым льэпкъхэм я республикэхэм къэралыбзэу щыгъэувахэм я мыхьэнэр, ахэр хэрзэ, щыналъэ, щэнхабзэ Іуэхущ Іапіэхэм, СМИ-хэм къызэрыщагъэсэбэпыр. ИтІани, Къэрал Думэр щыхуэхэм я жьІэм щІэдэІури, зэхъуэжьІныгъэ гуэркэр хилъхьащ, хабзэм и проектым етІуанэ еджэгъуэ щыхэпльэм. Иджы зэрыхъуаращи, анэдэлъхубзэхэр курыт еджапІэм и программэм Іэмал имыІэу хэтын хуейхэм ящыщу къагъэнэжащ. Абы щыгъуэми, адэ-анэр хуитщ я быным я анэдэлъхубзэу къалъытэм теухауэ лъэІу тхьилъ ятхыу зыхуейр къыхахыну, анэдэлъхубзэмрэ урысыбзэмрэ хэдэу. Абы къыкІэлъыкІуэращ нэхъ гъэщІагъэныжьыр: анэдэлъхубзэ дерсхэр зэраран хуэхъу хъунукъым урысыбзэ дерсхэм. Псалъэм папщІэ, урысыбзэм сыхьэтитху, анэдэлъхубзэм сыхьэтищ тхьэмахуэм лъэсри, урысыбзэм техьэпэну мурад зыщІам и быныр анэдэлъхубзэ дерсищым я пІэкІэ урысыбзэу 3 щІригъэгъу хъунущ.

Зыми унагъуэр хигъэзыхьыфынукъым я быным ямыбзэу къалъытэр ирагъэджыну, апхуэдэ къабзэуи республикэм щызекІуэ анэдэлъхубзэ-къэралыбзэр езыгъэджыну хуейм а Іэмалыр иІэщ.

- Президентым и унафэр гъэзэщІэныр дыуба къудейщ, - жиІащ КъД-м ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІ Никонов Вячеслав. - Хабзэм дыщІагъуа унафэм щагъэбелджылащ къыкІэлыкІуэну Іуэхухэр: анэдэлъхубзэхэм щхьэкІэ Іэщ Іагъэлъхэм зэхагъэува тхыльхэр къыдагъэкІыр, щІэныгъэ зэрыратыну щыкІэм и программэ ягъэбелджылын хуейщ. Депутатхэм къыхалъхьащ анэдэлъхубзэхэм зауэжьныжьмкІэ щІэгъэкъуэн яхуэхъун фонд къызэрагъэпэщыну, ар елэжьынущ анэдэлъхубзэхэр яджыным пыщІа гугъуехьхэр гъэкІуэдыжьынымк.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, еджагъэшхуэхэм, льэпкъхэм я интеллигенцэм жалар щыжаІам къыщыжяри, Хабзэр къащта хъуащ, и щыщІэныгъэ зэхъыщхъэ дыдэр - урысыбзэмрэ анэдэлъхубзэмрэ уэхдэ зэрыхъунур - къыханаэ. Деплъынщ гъэ еджагъэущІэм и япэ мазэм къигъэлъэгъуэнум: хэмыдэхэхэу, урысыбзэр къыхахьы е си быным и деж щэгъэуэныкъым си адэ-анэм, си адэшхуэ-анэшхуэм я бзэр, жаІэу, анэдэлъхубзэм и дерс мащІэхэм я гъэкІуэну?

Ахъшэ ухуей? Еджэ

Урысейм къалэн зыщищІыжащ илъэсихым къриубыдэу иригъэфІэкІуэну щІэблэм щІэныгъэ зэрыгъэгъуэт щыкІэр, икІи а Іуэхур нэхъыфІу къызэхъулІэ къэралипщІым ящыщ хъуну. Ар Президент Путин Владимир и жэрдэмщ, «ЩІэныгъэ» зыфІаща лъэпкъ проектым а илъэсихым къриубыдэу сом мелард 674-рэ трагъэкІуэдэну Правительствэм игъэбелджылащ. «Мы ахъшэр зэрыщыту федеральнэ бюджетым щыщщ», - жиІащ вице-премьер Голиковэ Татьянэ. УФ-м и Ректорхэм я Советым и президиумым къыщыщІыпсалъэм.

ЗЭРЫТЩІЭЩИ, щІалэгъуалэм щІэныгъэ хуэлІэ куэд къахэкІыркъым, зыгурым хуеджэм хуэдэу къэзыухыр, диплом къахуэхь къудеймэ, Іуэхур зэфІэкІкІы къэзылъытэр мащІэкъым.

Сыт Іэмал, школми университетми фІыуэ щеджэн, а илъэсхэр зыми щымыщу ямыгъэкІуэдын папщІэ, дауэ щІэблэр щІэныгъэм зэрыдебгъэхьэхынр? Абы и зы хэкІыпІэу Башкирием къыгъэсэбэпым фыщыгъэгъуэзнэт.

Уфа дэтщ щыдагъэмкІэ къэралуниверситет. Иужьрей илъэсищым нэхъыбэ хъуащ ЕГЭ-р балли 100-кІэ, 95-кІэ зытахэм ящыщу абы щІэтІысхьэхэр. Дызэрыщыгъуаззэщи, фІыуэ еджахэр Москва, нэгъуэщІ къалэшхуэхэм макІуэ, я щІэныгъэм къегъэгугъэри. А фІыуэ еджахэр республикэм имыкІын папщІэ, Башкирием и университетхэм стипендие инягъуэващ. Псалъэм папщІэ, балли 100 ЕГЭ-мкІэ къэзыхьа, апэ курсым къыщІэтІысхьа щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ дэтхэнэми сом минищ хуэзэу ират. Я стипендиер инщ школаІуэхэм ящыщу урысейпсо олимпиадэхэм щытекІуэхэми.

Апэ курсым къыщІэтІысхьахэм ящыщу цыхуи 100 мынэхъ мащІэм стипендие ин ират. ЕтІуанэ семестрым апхуэдэхэр нэхъыбэ мэхъу (апэ семестрыр зэратам тещыхьауэ), щІалэгъуалэр зыгъэлажьэну предприятэхэм, университетхэм я щІэныгъэлІхэм я советхэм студентыфІхэм ахъшэ хущІагъэри.

Университетхэм мащІэщ яхуэзфІэкІынур, курыт еджапІэхэм сабийхэр щыхуэмыхуэмэ. Абы тращІыхьу, университетым щылажьэхэр, предприятэ нэхъ инхэм я унафэщІхэр республикэм и школхэм макІуэ, сабийхэм, щІалэгъуалэм йопсалъэ я щІыналъэм имыкІыу зрагъэгъэтыфыну Іэщ Іагъэхэм теуухауэ, фІыуэ еджэхэм стипендие нэхъ ин къыззрахьыр, нэгъуэщІ къэралхэм ягъакІуэу я щІэныгъэм зэрыхагъахъуэр жраІэ. ИкІи ар псалъэ къудейкъым. Къапщтэмэ, нэгъабэ университетхэр къззыухам я процент 80-м республикэм лэжьапІэ щагъэтащ.

Зыкъом зыпэплъа унафэ

Узыфэ хьэлъэхэр зыгъэвхэм нэгъуэщІ зыи я псэм хьэзаб телъщ: хущхъуэ ягъуэтыркъым, аптекэхэм щІэлъри сощІри, упэмылъэщыму лъапІэщ. «Орфанэ» жаІэ я узыфэхэм щхьэкІэ, апхуэдэ узыфэхэр зэрымащІэм къыхэкІыну.

УРЫСЕЙМ и щыналъэхэм узынщагъэр хъумэныкІэ я министерствэхэр судым щрат къэдрэ къохьу, сымаджхэм хущхъуэ зэрырамытым къыхэкІыу. Ауэ судым и унафэри щахуэмыгъэззащІэ щыІэщ - щыналъэ бюджетхэр хущхъуэ лъапІэхэм пэлъэщыркъыми.

ЕтІанэгъэ щыщІэдзауэ мы Іуэхур федеральнэ бюджетым ирапхыж, щыналъэхэм щхьэщах хущхъуэ лъапІэхэм текІуэдзэн хуейр.

Узыфэ зэмылІэужьыгъуэу 14 мэхъу орфаннэ жыхуаІэхэр. 2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м къатащ мыпхуэдэ бжыгъэхэр: зыдэІэпыкъун хуей цыху сымаджэхэр 2130-рэ мэхъури, абыхэм ящыщу 1583-р сабийщ. Абыхэм къыхуащхун хуей хущхъуэхэм зы илъэсым сом меларди 10 ихьынущ.

ФедерацэмкІэ Советыр зыхэпльа хабзэм къару игъэтынущ 2019 гъэм щІышылэм и 1-м. Сенаторхэм зэрыжаІэмкІэ, зы федеральнэ Іэзэхущ Іапіэм къищдхэу щыналъэхэм (сымаджэу яІэм елъытауэ) ятригащэу ящІмэ, хущхъуэр абы хэнэныкъуэхэм нэхъ псынщІэу яІэрыльэнущ, ешы Іуэхуми иджыри къэс текІуадэу щытам процент 20-м щІигъу къахудэгъэхуэнущ.

Куэдым къатехьэлъэ кубок

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Спартак-Владикавказ» (Владикавказ) - 0:4 (0:2). Урысей Федерацэм и кубокым и финалым и 128-нэ Іыхьэ. Налшык. «Спартак» стадион. Бадзэуэгъуэм и 30-м. ЦІыхуи 100 еплъащ.

Судьяхэр: Шамарэ, Валеев, Сеин (псори Дон Іус Ростов щыщщ).

«Спартак-Налшык: Уэрсей, Аслъэныкъуэ (Мэшыкъуэ, 80), Ольмезов, Белоусов (Бэрсэдж, 61), Абазэ, Хьэгъур, Дзэху (Тебэрды, 78), Іэпщацэ, КІэдыкІуей, Бажэ (Михайлов, 46), Машэжь (Ашу, 56).

«Спартак-Владикавказ»: Бураев, Догузов, Кочиев, Бутаев, Альборов, Хугаев, Закаев (Газзаев, 74), Базаев (Джигкаев, 58), Кодзаев (Кучиев, 58), Гатикоев (Пилиев, 71), Хасцаев (Плиев, 71).

Топхэр дагъэкІащ: Гатикоевым, 39 (0:1). Хасцаевым, 45 (0:2). Гатикоевым, 67 (0:3). Кучиевым, 69 (0:4).

Дагъуэ къыхуащІащ: Бутаевым, Закаевым, Плиевым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и кубокыр къэхьыныр мыхьэнэкІэ чемпионыгъэм къыкІэлъыкІуэми, абы щІэбэныну зи нэ къыхуикІхэр кІуэ пэтми хэъ мащІэ мэхъу. Нэхъапэм ар къатехьэлъэу щытащ премьерлигэм щыджэгуэхэм икІи пэщІэдзэ Іыхьэм и нэхъыбэм хагъэхьэр я щІалэгъуалэ гупхэрат. Иджы дивизион нэхъыщІэхэри абы хуэмеиж хьуащ. Япэрауэ, кубокыр зэрызыІэрамыгъэхьэфынур фІы дыдэу къыгуроІуэ. ЕтІуанэрауэ, мылькур щызэпэбжа мы лъэхъэнэм нэхъ жыжьэ укІуэхукІэ, ахъщэ лей нэхъыбэ текІуэдэнущ. Апхуэдэ гупысхэр зэраІам шэч хэлъкъым «Спартак-Налшыкымрэ» «Спартак-Владикавказымрэ» я унафэщІхэм, я гупхэр блыщхьэ кІуам Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щыгъэзэщІам. КомандитІми трагъэкІуадэ мылькур хэпщІыкІыу мы гъэм ягъэмэщІащ. Дыдейхэм, уеблэмэ, махуэм зэ загъэсэну Іэмал яІэжу аращ.

ЗэпэщІэувахэм я тренер нэхъыщхьэкъэ Трубицин Сергейрэ Газзаев Юрэрэ къахукъуэкІа Іэмалыр къагъэсэбэпри, щІалэгъуалэр утыку кърагъэхьащ. Нэрылъагъуэ а зэІуущІэр фІахьми абыхэм къаззрыфІэмыІуэхущэнур. Уеблэмэ зэлІэлІнымрэ мыльку зытрагъэкІуэдэнумрэ нэхъ мащІэ хъунурат.

Джэгум и япэ дакъикъэхэм лъэныкъуэхэр апхуэдэ щыкІыкІэ зрагъэльагъуну. Нэхъ щІэх тепщэныгъэр зыубыдар хьэщІэхэращ: загъэпэсхуну икІыным куэд имыІэжу абыхэм зэкІэлъхьэужьу топитІ хэгъэрейхэм гудэгъкІащ. Гурыуэгъуэт абдежым Іуэхур зэрыщІэзэфІэкІар. АрщхьэкІэ иджыри дакъикъэ 45-рэ джэгун хуейт. А зэманри нэхъ фейдэ къыпыкІыу къззыгъэсэбэпар «Спартак-Владикавказым» и футболистэращ. Абыхэм аргуэру топитІ налшыкдэсхэм худагъэкІащ икІи махуитху ипэкІэ етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ я къалащхьэм къызэрыщыхагъэщІар щІигъуу ирагъэкъужащ. Ди щІалэщІэхэм зы топкІэ нэхъ мыхъуми хэзыІэхэм я жагъуэ ящыщхьэмрэ я жагъуэ ящыфакъым икІи Урысей Федерацэм и кубокым ехьэлІа зэпеуэм и япэ дыдэ зэІущІэм ягъэкІыжьхуащ. Фигу къэдгъэкІыжыщІ, нэгъабэ финалым и 1/16-нэ Іыхьэм нэсат икІи къхьэзыгъэщІэфар Мэзкуу и «Спартак»-ращ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

«Спартак-Налшыкым» 2018 - 2019 гъэхэм иригъэкІуэкІыну зэІущІэхэр

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм щекІуэкІыну зэхьэзэхуэмрэ къэралым и кубокым ехьэлІа зэпеуэмрэ командэхэр щыджэгну махуэхэр яубыхущ. «Спартак-Налшыкым» я лъэхъэнэм къыпэщылъ зэІущІэхэм нобэ фыщыдогъэгъуазэ:

2018 гъэ

Япэ къекІуэкІыгъуэ
ЕтІуанэ джэгугъуэ
Шыщхьэуіум и 3
(мэрем)
«Спартак-Налшык» - «Легион Динамо»
(Мэхъэчкъалэ)

Урысей Федерацэм и кубок. Финалым и 1/64-нэ Іыхьэ
Шыщхьэуіум и 7
(гъубж)

Ещанэ джэгугъуэ
Шыщхьэуіум и 12
(тхьэмахуэ)
«Академия футбола им. В.Понедельника» ФК (Дон Іус Ростов) - «Спартак-Налшык»

ЕплІанэ джэгугъуэ
Шыщхьэуіум и 18
(щэбэт)
«Спартак-Налшыкым» зегъэпсэху.

Урысей Федерацэм и кубок. Финалым и 1/32-нэ Іыхьэ
Шыщхьэуіум и 22
(бэрэжьей)

Етхуанэ джэгугъуэ
Шыщхьэуіум и 26
(тхьэмахуэ)
«Краснодар-3» (Краснодар) - Спартак-Налшык»

Еханэ джэгугъуэ
ФокІадэм (сентябрым) и 2
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Налшык» - «Урожай» (Краснодар)

Ебланэ джэгугъуэ
ФокІадэм и 9
(тхьэмахуэ)
«Волгарь» (Астрахань) - «Спартак-Налшык»

Еянэ джэгугъуэ
ФокІадэм и 16
(тхьэмахуэ)
СКА (Дон Іус Ростов) - «Спартак-Налшык»

Ебгъуанэ джэгугъуэ
ФокІадэм и 23
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Налшык» - «Черноморец» (Новороссийск)

Урысей Федерацэм и кубок. Финалым и 1/16-нэ Іыхьэ

ФокІадэм и 26, 27
(бэрэжьей, махуэку)
ЕпщІанэ джэгугъуэ
ФокІадэм и 30
(тхьэмахуэ)
«Ангушт» (Нэзрэн) - «Спартак-Налшык»

ЕпщыкІуэнэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм (октябрым) и 5
(мэрем)
«Спартак-Налшык» - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)

ЕпщыкІутІанэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 10
(бэрэжьей)
«Чайка» (Песчанокопскэ) - «Спартак-Налшык»

ЕпщыкІущанэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 14
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Налшык» - «Дружба» (Мейкъуапэ)

ЕпщыкІуплІанэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 21
(тхьэмахуэ)
«Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - «Спартак-Налшык»

ЕпщыкІутхуанэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 27
(щэбэт)
«Спартак-Налшык» - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхэабэ)

ЕтІуанэ къекІуэкІыгъуэ
ЕпщыкІуэхэр джэгугъуэ
ЩэкІуэгъуэм (ноябрым) и 4
(тхьэмахуэ)
«Легион Динамо» - «Спартак-Налшык»

ЕпщыкІубланэ джэгугъуэ
ЩэкІуэгъуэм и 11
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Налшык» - «Академия футбола им.В.Понедельника» ФК

2019 гъэ

ЕпщыкІуиянэ джэгугъуэ
Гъатхэпэм (мартым) и 16
(щэбэт)
«Спартак-Налшыкым» зегъэпсэху.

ЕпщыкІубгъуанэ джэгугъуэ
Гъатхэпэм и 23
(щэбэт)
«Спартак-Налшык» - «Краснодар-3»

ЕтІощІанэ джэгугъуэ Гъатхэпэм и 30
(щэбэт)
«Урожай» - «Спартак-Налшык»

ТІощІрэ езанэ джэгугъуэ
Мэлыжьыхьым (апрелым) и 6
(щэбэт)
«Спартак-Налшык» - «Волгарь»

ТІощІрэ етІуанэ джэгугъуэ
Мэлыжьыхьым и 12
(мэрем)
«Спартак-Налшык» - СКА

ТІощІрэ ещанэ джэгугъуэ
Мэлыжьыхьым и 17
(бэрэжьей)
«Черноморец» - «Спартак-Налшык»

ТІощІрэ еплІанэ джэгугъуэ
Мэлыжьыхьым и 21
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Налшык» - «Ангушт»

ТІощІрэ етхуанэ джэгугъуэ
Мэлыжьыхьым и 27
(щэбэт)
«Биолог-Новокубанск» - «Спартак-Налшык»

ТІощІрэ еханэ джэгугъуэ
Накъыгъэм (майм) и 4
(щэбэт)
«Спартак-Налшык» - «Чайка»

ТІощІрэ ебланэ джэгугъуэ
Накъыгъэм и 11
(щэбэт)
«Дружба» - «Спартак-Налшык»

ТІощІрэ еянэ джэгугъуэ
Накъыгъэм и 18
(щэбэт)
«Спартак-Налшык» - «Динамо Ставрополь»

ТІощІрэ ебгъуанэ джэгугъуэ
Накъыгъэм и 24
(мэрем)
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Спартак-Налшык»

ЕщэщІанэ джэгугъуэ
Накъыгъэм и 31
(мэрем)
«Спартак-Налшык» - «Спартак-Владикавказ»

Фыхэди... урысыбзэр къыхэфх

● Абы дегъэпІейтей

УФ-м и Къэрал Думэм къыщтащ анэдэлъхубзэхэр дяпэкІэ зэраджыну щыкІэр зыубзыху Хабзэ.

РЕСПУБЛИКЭХЭМ щыпсэу урысхэм, нэгъуэщІ Іэпэкъ щыщхэм а щыналъэм къэралыбзэу щабж бзэхэр яджынымгуэрыкІ куэд зэрыпыщІам теухауэ адэ-анэ гуэркэр хуэтхьэусыхауэ щытащ УФ-м и Президентым. Псалъэм папщІэ, дзэм хэтым и унагъуэр щІэхъщІэхэр Іэпхъуэн хуей мэхъу. Апхуэдэхэм я бынхэм зэм Тэтэрстаным, зэм Ингушым, н.къ. щызекІуэ анэдэлъхубзэхэр яджын хуей зэрыхъурагъ тхьэусыхафэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар. ИкІи ар щхьэусыгуэнэшэкъым. Апэрауэ, сабийм ар къытемыхьалъэнкІэ Іэмал иІэкъым. ЕтІуанэрауэ, егъэджакІуэми пІалъэкІэ а бзэхэр зыджын хуей хъуа ныбжьыщІэхэми я зэманыр пщІэнщэу бгъэкІуэду аращ.

ЖаІагъэхха жыхуаІэ щІыкІэу, депутатхэм къахэкІащ зи бзэр зыджыну хуэмей, ар я бынхэм къатехьэлъэу икІи лейуэ къэзылъытэ адэ-анэхэм я псэр зыгъэтыншыжыкІи Хабзэ къыхэзыльхьэфа.

- Хабзэм и проектыр наІуэ къызэращу, - етх «РГ»-м и корреспондент Замахинэ Татьянэ, - псалъэмакъ къикІащ: УФ-м и республикэхэм щыпсэухэм къалъытащ анэдэлъхубзэр факультатив щІыкІэм тету фІэкІа дяпэкІэ ирамыгъэджыну. Ауэ а проектым зыкІи игъэмащІэртэкъым льэпкъхэм я республикэхэм къэралыбзэу щыгъэувахэм я мыхьэнэр, ахэр хэрзэ, щыналъэ, щэнхабзэ Іуэхущ Іапіэхэм, СМИ-хэм къызэрыщагъэсэбэпыр. ИтІани, Къэрал Думэр щыхуэхэм я жьІэм щІэдэІури, зэхъуэжьІныгъэ гуэркэр хилъхьащ, хабзэм и проектым етІуанэ еджэгъуэ щыхэпльэм. Иджы зэрыхъуаращи, анэдэлъхубзэхэр курыт еджапІэм и программэм Іэмал имыІэу хэтын хуейхэм ящыщу къагъэнэжащ. Абы щыгъуэми, адэ-анэр хуитщ я быным я анэдэлъхубзэу къалъытэм теухауэ лъэІу тхьилъ ятхыу зыхуейр къыхахыну, анэдэлъхубзэмрэ урысыбзэмрэ хэдэу. Абы къыкІэлъыкІуэращ нэхъ гъэщІагъэныжьыр: анэдэлъхубзэ дерсхэр зэраран хуэхъу хъунукъым урысыбзэ дерсхэм. Псалъэм папщІэ, урысыбзэм сыхьэтитху, анэдэлъхубзэм сыхьэтищ тхьэмахуэм лъэсри, урысыбзэм техьэпэну мурад зыщІам и быныр анэдэлъхубзэ дерсищым я пІэкІэ урысыбзэу 3 щІригъэгъу хъунущ.

Зыми унагъуэр хигъэзыхьыфынукъым я быным ямыбзэу къалъытэр ирагъэджыну, апхуэдэ къабзэуи республикэм щызекІуэ анэдэлъхубзэ-къэралыбзэр езыгъэджыну хуейм а Іэмалыр иІэщ.

- Президентым и унафэр гъэзэщІэныр дыуба къудейщ, - жиІащ КъД-м ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІ Никонов Вячеслав. - Хабзэм дыщІагъуа унафэм щагъэбелджылащ къыкІэлыкІуэну Іуэхухэр: анэдэлъхубзэхэм щхьэкІэ Іэщ Іагъэлъхэм зэхагъэува тхыльхэр къыдагъэкІыр, щІэныгъэ зэрыратыну щыкІэм и программэ ягъэбелджылын хуейщ. Депутатхэм къыхалъхьащ анэдэлъхубзэхэм зауэжьныжьмкІэ щІэгъэкъуэн яхуэхъун фонд къызэрагъэпэщыну, ар елэжьынущ анэдэлъхубзэхэр яджыным пыщІа гугъуехьхэр гъэкІуэдыжьынымк.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, еджагъэшхуэхэм, льэпкъхэм я интеллигенцэм жалар щыжаІам къыщыжяри, Хабзэр къащта хъуащ, и щыщІэныгъэ зэхъыщхъэ дыдэр - урысыбзэмрэ анэдэлъхубзэмрэ уэхдэ зэрыхъунур - къыханаэ. Деплъынщ гъэ еджагъэущІэм и япэ мазэм къигъэлъэгъуэнум: хэмыдэхэхэу, урысыбзэр къыхахьы е си быным и деж щэгъэуэныкъым си адэ-анэм, си адэшхуэ-анэшхуэм я бзэр, жаІэу, анэдэлъхубзэм и дерс мащІэхэм я гъэкІуэну?

Социализмэм дыхуэпэжщ, ауэ зыдмыхъуэжу хъунукъым

Кубэ хьІтІыгум лэжьыгъэшхуэ щаублэ. Социализмэмрэ коммунист партымрэ я фІыщІи ямыгъэкІуэду, а тІури я гъуаззу дяпэкІи псэуну зэрыхуейр къэралхэм и унафэщІхэм жаІэ, ауэ Конституцэр яхуэжьнущ.

ИлЪЭС 40 хъуащ Кубэм и иджырей Конституцэр икІи ар къэралым щекІуэкІ политикэ, экономикэ Іуэхухэм хуэкІуэжьыркъым. Мы зэманым депутат 30 хуэдиз йолэжь Конституцэм и проектым, ар мы тхьэмахуэм наІуэ щІын, референдум ирагъэкІуэкІыну илъэсым и кІэм къащтэн хуейр.

Нэхъыщхьэ дыдэу халъхьэнур - хьэрычэтыщІэхэм я Іуэхурэ уней мылькурэ щыІэныр зэрадэнур аращ. Ауэ коммунистхэм зыІэщІагъэкІыну хуейкъым экономикэм и унафэр. Япэми хуэдэу, иджыри щыІэнущ къэрал компаниехэр - ахэращ лъэпкъ экономикэм и зыужьныныгъэр зэлъытауэ щытынур. ЗэхъуэкІыныгъэ къэхъунухэм къыщыщІэлъэгъуащ Кубэм и экономикэм зи мыльку кІыхьэзылъхьэну хуеинухэм къэралыбжэр зэрыхэуІахынур.

Зи гугъу тщІы зэхъуэкІыныгъэхэр Гаванэ къригъэжьащ 2000 гъэхэм. Абы щыгъуэм Іэщ Іагъы 180-м теухуауэ уней Іуэхущ Іапіэхэр къызэрагъэпэщыну хуит ящІащ. Илъэс 18-м къриубыдэу щыху мелуан 11 епха хъуащ хьэрычэт щІэным епха лэжьыгъэм.

Къэрал ухуэкІэми къанэ щымыІэу зихъуэжьнущ. КонституцэщІэр къащтэжь, Кубэм президентрэ премьер-министрэхэр иІэ хъунущ. Президентыр Льэпкъ ассамблеем (Парламентым) хихынущ, илъэситху пІалъэкІэ лэжьэну, тІэу фІэкІа а кулыкъыр иІыгъыну хуимыту. Къэралым и щыналъэхэм я депутатхэм хахынущ щІыпІэ правительствэхэм я унафэщІхэр.

ПІанэпэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

Ныбжь зиІэхэр нэхъыбэу, щІалэгъуалэр мащІэу

Сыт хуэдэ къэралым дежкІи хэпльэгъуэщ, ныбжь зиІэхэм я пенсэр къззылэжьыну щІалэгъуалэр щхьэусыгуэ гуэрхэм къыхэкІыу мащІэмэ.

ЕВРОПЭ псор къапщтэмэ, демографие и лъэныкъуэкІэ Италиер нэхъ жьыуэ къыщІэкІащ. Іэщ Іагъэлъхэм зэрыжаІэмкІэ, 2050 гъэм ирихьэлІэу Италием и цІыхухэм ящыщ дэтхэнэ ещанэми и ныбжьыр илъэс 65-рэ хъунущ.

Адэкіэ уІэбэу зэпкърыхмэ, илъэс 65-рэ ныбжьым щІигъу къззыгъэщІахэр мелуан 20, абыхэм ящыщу мелуаниплым я ныбжьыр илъэс 85-м щхьэдэхауэ щытынущ. Іэщ Іагъэлъхэм щэч къытрахьэркъым 2030 гъэм ирихьэлІэу къакІэлъыплъым зэрамыІэнум илъэс 65-м щхьэдэха мелуаниплым, илъэс 85-рэ зи ныбжь иригъуа зы мелуаным.

Іэщ Іагъэлъхэр иріплъэжат иужьрей илъэс 25-м демографием и Іуэхур зытетами, итальянхэр жьы хъу льэпкъыбжу къалъытащ. НэгъуэщІ къэралхэм лэжьапІэ лъыхъуэу къиІэпхъукІ щІалэгъуалэр ямыІэу я Іуэхур зэрыдэмыкІынур къызыгурыІуахэм ахэр крагъэблагъэ. Иужьрей илъэсхэм Италием къэІэпхъащ нэгъуэщІ къэралхэм я цІыху мелуанитху, абыхэм гъэм къэс ВВП-м и процентри 9-р къалэжь. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, цІыхур щылэжьэф ныбжьым иту 2060 гъэхэм Италием иІэнум и Іыхьэ пІанэр нэгъуэщІ къэралхэм къиІэпхъукІэрауэ къыщІидзынущ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жылаэс Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Элэ (жэуап зыхь секретарь). Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, ЩэнІыбыдэ Замирэ, ЩхьэщэмышІ Изэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакцэр нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтчэным - 42-75-78.

Теддэж тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.:76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъэзам и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня**, *редактору* **Жылаэс Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аллэмэт** *(3, 5, 6-нэ нап.) корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ**. *Компьютерклэ газетым и теплъэр ящІащ* **Щомахуэ Марьянэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.179 ● Заказ №777